ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТИРЛИГИ

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

Қол жазба ҳуқықында

УДК

**САПАРОВА БИЙБИМАРЯМ**

# «Кредит қәбилети ҳәм оның есап-анализ тәмийнатын жетилистириў»

5А230901- Бухгалтериялық есап

Магистр

академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған

диссертация

Илимий басшы:
доц. Р. Дусмуратов
маслаҳатчи :
доц. К. Исмайлов

***Нөкис - 2015***

## МАЗМУНЫ


| | | |
|---|---|---|
| | **Кирисиў** | 3 |
| **1-бап.** | **КӘРХАНАЛАРДЫҢ ЕСАПЛЫҚ АНАЛИЗ ДЕРЕКЛЕРИН ҮЙРЕНИЎДИҢ БАСҚАРЫЎ ҚАРАРЫН ҚАБЫЛЛАЎДАҒЫ ӘҲМИЙЕТИ ҲӘМ ОНЫҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ** | 10 |
| 1.1. | Кәрханаларда есап-анализ жумысларында мағлыўматлар менен тәмийнлеўдиң кәрхананы басқарыўдағы әҳмийети | 10 |
| 1.2 | Кәрханалардың финанслық жағдайы анализиниң мазмуны, ўазыйпалары ҳәм хабар дереклери | 12 |
| **2-бап.** | **КӘРХАНАЛАРДА ҲӘМ ЕСАП-АНАЛИЗ МАҒЛЫЎМАТЛАРЫ МЕНЕН ТӘМИЙНЛЕЎДИҢ МЕТОДИКАЛЫҚ АСПЕКТЛЕРИ** | 20 |
| 2.1. | Кәрханалардың төлем уқыплылығы, финанслық турақлылығын аңлатыўшы көрсеткишлерди баҳалаў ҳәм анализлеў усыллары | 20 |
| 2.2. | Бухгалтерия балансы ҳәм оның есап- анализ тәмийнатында қолланылыўы | 32 |
| **3-бап.** | **КРЕДИТ ҚӘБИЛЕТИ (ТӨЛЕМ УҚЫБЫ) БОЙЫНША КӘРХАНАЛАРДА ЕСАП-АНАЛИЗ ЖУМЫСЛАРЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎДИ ЖЕТИЛИСТИРИЎ** | 40 |
| 3.1. | Финанслық турақлылықтың абсольют көрсеткишлерин анализлеўди жақсылаў | 40 |
| 3.2. | Ликвидлик көрсеткишлерин анализлеўди жақсылаў | 52 |
| 3.3. | Финанслық коэффициентлердиң комплекс анализи өткериўди жетилистириў | 63 |
| | **Жуўмақлаў** | 75 |
| | **Пайдаланылған әдебиятлар дизими** | 79 |
| | **Қосымшалар** | 85 |

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Мәмлекет экономикалық потенциалының раўажланыўы көбинесе өндиристи диверсификациялаў ҳәм базар қатнасықларын раўажландырыўға байланыслы. Экономиканы еркинлестириў ҳәм модернизациялаў хожалық жүритиўши субъектлердиң финанс-кредит механизмин түпкиликли өзгертиўди нәзерде тутады.

Президентимиз И.А. Каримов сөзи менен айтқанда, “егер кимдур қарыз алмакшы болса, мәрҳәмәт, өз мүлкин гиреўге қойып алсын. Егер қарызын өз ўақтында қайтара алмаса, оның мүлки банктиң, қарыз бериўшиниң ийелигине өтеди. Ол болса, өз нәўбетинде, бул мүликти сатыўға қойыўы мүмкин. Әне сонда ғана кәрхана басшылары кредит, яғный қарыз алыў мәселесине тереӊ ойлап, жуўапкершилик пенен жантасатуғын болады.”[1] Өндиристи турақластырыў ҳәм көтериў, оның бәсекиге шыдамлылығын ҳәм нәтийжелилигин асырыў болса көбинесе қарыз капиталының әсиресе кредит ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўға байланыслы болады. Солай екен, кредит қәбилиетине (төлем уқыбына) тән есап-анализ жумысларын дурыс жолға қойыў, бухгалтерия есабында дурыс сәўлелендириў ҳәм аналитикалық жумысларды өткериў ҳәм де усылларын жақсылап барыў, ҳеш гумансыз бул теманың актуаллыған белгилейди.

Бүгинги күнде өз қаржылары дереклери ҳәм сырттан тартылған қаржылардың есабын ҳәм анализин дурыс шөлкемлестириў үстинен мониторинг жумысларын алып барыў, кәрханалардың төлем уқыплылығына байланыслы жумысларды дурыс жолға қойыў үлкен әҳмийетке ийе. Сол себепли бул тема бойынша магистрлық диссертация жумысын таярлаў ҳәм излениўлер алып барыў актуал есапланады.

**Изертлеў объекти ҳәм предмети.** Илимий жумыстың объекти болып экономиканың түрли шөлкемлестириў-ҳуқықый формалардағы өндирислик

[1] И.А. Каримов. Демократик ҳуқуқий давлат эркин иқтисодиёт талабларини тўлиқ жорий этиш, фуқаролик жамияти асосларини қуриш – фаравон ҳаётимиз гаровидир. –Т.: “ Ўзбекистон ” 2007.

ҳәм хызмет көрсетиўши кәрханалары есапланады. Хожалық жүргизиўши субъектлердиң кредит уқыбы бойынша есап-анализ жумысларында қолланылатуғын системаға келтирилген мағлыўмат дереклери ҳәм есабатлары.

**Изертлеў жумысының мақсети.** Хожалық жүргизиўши кәрханаларда кредит қәбилиети (төлем укыбы) ҳәм есап-анализ жумысларында қолланылатуғын мағлыўматлар дереклеринен пайдаланыў арқалы төлем уқыплылығы мәселелерин тереңнен үйрениў арқалы, кәрханалардың төлем уқыплылығын анализлеў бойынша комплекслеик анализ өткериўди жетилистириў бойынша илимий ҳәм әмелий усынyслар ислеп шығыўдан ибарат.

**Изертлеў жумысының ўазыйпалары.** Илимий жумыстың мақсетинен келип шыққан ҳалда төмендеги ўазыйпалар белгилеп алынды:

– Кредит, кредит уқыплылығы (төлем уқыплылығы) түсиниклерин илимий жақтан үйрениў;

– Есап-анализ тәмийнаты мәселелерин бир қәлипке келтириў;

– Төлем уқыплылығы бойынша методларды үйрениў;

– Финанслық турақлылық көрсетикишлерин системаластырыў;

– Ликвидлик көрсеткишлерин тереңнен анализлеў;

– Финанслық коэфициентлерди анықлаўдың усыллары;

– Кәрхана активлериниң түрли аспектлери бойынша анализ өткериў ҳәм басқа да мәселелер бойынша илимий тийкарланған усыныс ҳәм пикирлер билдириўден ибарат.

**Илимий жаңалығы:**

– Кредит ҳәм кредит уқыплылығы бойынша түсиниклер илимий жақтан ашып берилди;

– кредит ҳәм қарызлардың бухгалтерия есабының мағлыўмат дереклери сыпатындағы орны ашып берилди;

– төлем (кредит) уқыплылығы бойынша есаплаў усыллыары ҳәр тәреплеме үйренилди;

– финанслық турақлылықты анықлаў бойынша көрсеткишлер бир системаға келтирилди;

– Ликвидлик көрсеткишлериниң комплекс анализи өткерилди;

– Кәрханаларда финанслық коэффициентлерди есаплаў уыллары ашып берилди.

**Изертлеўдиң тийкарғы мәселелери ҳәм гипотезасы:** кредит (төлем) уқыплылығын анықлаўда есаплық анализ тәмийнаты мәселелерин методикалық жақтан үйрениў илимий изертлеў жумысының тийкарғы мәселеси саналады. Изертлеў жумысының гипотезасы болып кредит (төлем) уқыплылығы бойынша бар болған методларды синтезлеген ҳалда системалы түрде жаңаша илимий жантасыўларды ҳәм усылларды қәлиплестириўден ибарат.

**Изертлеў жумысы бойынша әдебиятларға шолыў.** Кредит қәбилиети (төлем уқыбы) мәселелеринин аналитикалық жумысларын ҳәм анализ методикаларын жақсылаў бойынша республикамыздың алымларынан А. В. Ваҳобов[2], Абдукаримов И.Т.[3], Ш.З. Абдуллаева[4], Р.Д. Дўсмуратов[5], А.К. Ибрагимов, И.К. Иминов, Ф.М. Муллажонов, Ш. Хайдаров[6], Т.М. Қоралиев, М.Қ. Пардаев[7], А.А.Каримов[8], Т. Ш. Шоғиёсов[9] ҳәм басқалардың мийнетлеринде көрип шығылған.

---

[2] Ваҳобов А., Ибрагимов А, Ишонқулов И. Молиявий ва бошқарув таҳлили. Т.: "Шарқ" НИАК, 2005 й., 480 б.
[3] Абдукаримов И.Т. Молиявий ҳисоботни ўқиш ва таҳлил қилиш йўллари. –Т.: "Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси", 1999. -320 б;
[4] Абдуллаева Ш.З. Банк рискари ва кредитлаш. –Т.: "Молия", 2002. -304 б;
[5] Р.Д. Дусмуратов Аудиторлик фаолияти: назария, услубиёт ва амалиёт. –Т.: "Молия" нашриёти, 2007. -276 б.
[6]Ш. Хайдаров, Х. Ортиқов Ўзбекистон Республикаси Бухгалтерия ҳисобининг миллий стандарти (21 сон БҲМС). –Т.: "Ғафур ғулом номидаги – матбаа ижодий уйи, 2007. -256 б
[7] М.Қ. Пардаев Иқтисодий таҳлил. –Т.: "Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси" нашриёт уйи, 2001. -156 б.;
[8] А.А.Каримов, Исломов Ф.Р., Авлоқулов А. Бухгалтерия ҳисоби. –Т.: "Шарқ" НМАК, 2004. -592 б;
9 Шоғиёсов Т.Ш. Комплекс иқтисодий таҳлил/ Т.: «IQTISOD-MOLIYA», 2009, 224 б.

Экономикалық ҳәм финанслық анализ жумыслары менен бир қанша шет еллик илимпазлар да өз мийнетлеринде сөз еткен. Г. В. Савицская[10], К. Флейшер[11], Э.А. Маркарьян[12], А.Ф. Ионова[13], Й.Н. Чуев[14], А.Д. Шеремет[15], М.В. Мельник[16] ҳәм басқалар.

Магистрлық диссертация жумысын жазыў даўамында бухгалтерия есабы ҳәм анализ тараўында искерлик алып барып атырған қәнигелердиң мийнетлеринен кеңнен пайдаланылды. Олардың айырымларын төменде келтирип өтемиз.

**Ваҳобов А., Ибрагимов А, Ишонқулов И. Молиявий ва бошқарув таҳлили. Т.: “Шарқ” НИАК, 2005 ж., 480 б.**

Бул оқыўлықта хожалық субъектлериниң искерлигин анализ қылыўдың методикалық тийкарларын, кәрханаларды басқарыўда басқарыў анализи мағлыўматларына көбирек сүйенген ҳалда искерлик алып барыў мақсетке муўапық екенлиги ҳәм де хожалық субъектлериниң финанслық искерлигин терең анализ қылыў арқалы олардың өндирис нәтийжелилигин асырыў жолларын ҳәм де финанслық көрсеткишлерди жақсылаў жолларын көрсетип бериўдиң улыллары әмелий мағлыўматлар тийкарында анализленип шығылған ҳәм олардың мазмуны көрсетип берилген.

Оқыўлықтың 3-бабында аналитикалық жумысларды орынлаўда мағлыўмат дереклери, оларға қойылатуғын талаплар, оларды алыў ҳәм қәлипке келтириў мәселелери сөз етилген. 10-бабында болса,

---

[10] Савицкая Г.В. Анализа хозяйственной деятельности преприятия. –М.: “Инфра-М”, 2009.
[11] Стратегический и конкурентный анализ. Ме-тоды и средства конкурентного анализа в бизнесе. –М.: “Бином”, 2005.
[12] Маркарьян Э.А., Герасименко Г.П., Маркарьянс С.Э. Фи-нансовый анализ. Издания четвертое –М.: “ИД ФБК-Пресс”, 2003.
[13] Ионова А.Ф., Селезнева Н.Н. Финансовый анализ. –М.: “Проспект”, 2006,
[14] Чуев Й.Н., Чуева Л.Н. Комплексный экономический анна-лиз хозяйственной деятельности. –М.: “Дашков и Ко”, 2006.
[15] Шеремет А.Д., Негашев Е.В. Методика финансового ана-лиза деятельности коммерческих организаций. –М.: “Инфра-М”,2006.
[16] Мельник М.В., Герасимова Е.Б. Анализ финансовой деятельности предприятия. –М.:“Фарум”, 2007.

кәрханалардың финанслық жағдайы анализи бойынша, соныңдай төлем уқыплылығы мәселелери кеңнен жарытып берилген.

**Shoalimov A.X., Tojiboeva Sh.A. Moliyaviy va boshqaruv tahlili. T.: “ТДИУ”, 2010 ж. 358 б.**

Бул оқыўлықта хожалық субъектлериниң искерлигин анализ қылыўдың усыллық тийкарларын, кәрханалардың жумысларын үйрениўде аналитикалық мағлыўматларды әҳмийети, анализ объектлери субъектлери, ликвидлик көрсеткишлер анализи, төлеми уқыплыран анализлеў бойынша бир қатар мысллар тийкарында әмелий жақтан баҳалы мағлыўматлар келтирилген.

Оқыўлықтын 12-бабында кәрханалардың ликвидлиги ҳәм төлем уқыбын анализлеў мәселелери толық баян етилген. Теориялық мәселелер кәрхана мысаланда толық түсиндирилген, аналитикалық жумыстың алгоритми көрсеип берилген. Аналитикалық жумыслар еки усылда, салыстырмалы ҳәм шынжырлы байланыс (факторлы байланыс) усылларында жарытып берилген.

**Шоғиёсов Т. Ш., Комплекс иқтисодий таҳлил/ Т.: «IQTISOD-MOLIYA», 2009, 224 б.**

Бул оқыў қолланбада базар қатнасықларына тийкарланған ерикн экономикалық шәраятта кәрханаларда комплекс экономикалық анализдиң мақсети, ўазыйпасы, анализ өткериў усылы, кәрхананың ресурс потенциалы, тийкарғы ҳәм айланыс капиталынан нәтийжели пайдаланыў, финанслық турақлылық, исбилерменлик искерлигин баҳалаў жоллары, олардың системасы теориялық ҳәм әмелий жақтан ашып берилген. Қоланбаның айырым бөлимлери маркетинг, өзине түсер баҳа ҳәм қәрежетлер анализи, дәраматлылық, баланс активи, капиталы ҳәм миннетлемелердиң рентабеллиги анализине бағышланган.

Оқыўлықтың 10-бабында кәрхананың төлем уқыплылығы, финанслық турақлылығы ҳәм исбилерменлик искерлигин аңлатыўшы көрсеткишлерди

баҳалаў ҳәм оларды анализ етиў усыллары, финанслық турақлылықтың абсолют көрсетикшлериниң анализи, ликвидлик көрсеткишлери, финанслық коэффициентлерди комплекс анализ өткериў бойынша бир қатар теориялық ҳәм әмелий мағлыўматлар баян етилген.

**Савицкая Г.В. Анализа хозяйственной деятельности преприятия. –М.: "Инфра-М", 2009.**

Оқыўлықтың биринши бөлиминде микроэкономикалық анализдиң предмети, усылы, ўазыйпалары, методикалары, шөлкемлестирилиўи бойынша улыўмаласқан билимлер системасы сыпатындағы хожалық искерлигин анализлеўдиң теориялық тийкарлары баян етилген. Екинши бөлим болса, кәрханалар искерлигиниң нәтийжелерин комплекс анализ өткериў методикасына бағышланған. Базар экономикасына тән ең соңғы усыллар көрип шығылған.

Оқыўлықтың 15-бабы кәрханалардың финанслық жағдайының анализине бағышланған болып, бул бойынша анализ тараўындағы ең соңғы усыллар ҳәм жантасыўларды келтирип баянлаған.

**Изертлеў нәтийжелериниң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети:** Изертлеўдиң нәтийжелериниң теориялық әҳмийети кәрханаларда төлем уқыплылығын анықлаў, анализ ушын мағлыўматлар таярлаў, коэффициентлерди есаплаў бойынша комплекс түрде анализ жумысларын өткериўде, усы мәселелерди дурыс ҳәм илимий жақтан тийкарлы етип жолға қойыўда, кәрханалар, шөлкемлер ҳәм де аудиторлық компаниялары өз жумыс барысында, кәрханаларжың реже-экономика, маркетинг, менеджмент бөлимлери кеңнен пайдаланыўы мүмкин.

Изертлеўдиң әмелий әҳмийети сонда, диссертация нәтийжелери, илимий ҳәм әмелий усыныслардан хожалық жүргизиўши субъектлери аналитикалық ҳәм бухгалтерия есабын шөлкемлестириўде, кредит уқыбын анықлаўда пайдаланыў мүмкин.

Сонындай, тема бойынша изертлеў нәтийжелери сыпатында 3 тезис баспадан шығарылды.

**Изертлеўде қолланылатуғын методиканың сыпатламасы.** Диссертацияда изертлеў предметиниң тарийхый, шөлкемлестириў, экономикалық ҳәм нормативлик-ҳуқықый өзгешеликлерин изертлеўде диалектика усылларын қолланыўға тийкарланады. Изертлеў объектлери бойынша группалаў, салыстырыў, илимий ойлаў, экономикалық-статистикалық ҳәм аналитикалық усыллар қолланылады. Сонындай, изертлеў объектлерин ҳәм алынған нәтийжелерин баянлаўда конструктив ҳәм баянлаў усылларынан кеңнен пайдаланылды.

**Жумыс дүзилисиниң сыпатламасы.** Магистрлик диссертация жумысы кирисиў, 3 бап, ҳәр бап бойынша қысқа жуўмақ, жуўмақлаў, пайдаланылған әдебиятлар дизими ҳәм қосымшалардын ибарат болып кирисиў бөлиминде теманың актуаллығы, илимий ҳәм әмелий аҳмийети, жаңалығы, қолланылатуғын усыллар ҳәм әдебиятларға шолыў жумыслары орынланған. Жумыстың 1-бабында кәрханалардың есаплық анализ дереклерин үйрениўдиң басқарыў қарарын қабыллаўдағы әҳмийети ҳәм оның теориялық тийкарлары бойынша мәселелер баян етилген. Жумыстың 2-бабында кәрханаларда ҳәм есап-анализ мағлыўматлары менен тәмийнлеўдиң методикалық аспектлери ашып берилген. Жумыстың 3-бабында болса, кредит қәбилети (төлем уқыбы) бойынша кәрханаларда есап-анализ жумысларын шөлкемлестириўди жетилистириў бойынша аналитикалық жумыслар орынланған. Изертлеў жумысының жуўмақлаў бөлиминде болса, өткерилген изертлеў жумыслары бойынша улыўмаласқан мағлыўматлар келтирилип, изертлеў нәтийжелери бойынша илимий тийкарланған пикир ҳәм усыныслар келтирилген.

# 1-бап. Кәрханалардың есаплық анализ дереклерин үйрениўдиң басқарыў қарарын қабыллаўдағы әҳмийети ҳәм оның теориялық тийкарлары

## 1.1. Кәрханаларда есап-анализ жумысларында мағлыўматлар менен тәмийнлеўдиң кәрхананы басқарыўдағы әҳмийети

Базар қатнасықларына тийкарланған хожалық субъектлери (кәрханалар, шөлкемлер, фирмалар) мүлк бийлиги сыпатында оны туўры басқарыўдан ибарат. Буның менен жүз берип атырған процесслерди ҳәм ҳәдийселерди ҳәр дайым гүзетиўди ҳәрекет нәтийжелигин тереңнен үйрениўди талап етеди. Солар тәрепинен хожалық субъектлери ҳәрекетин басқарыўдың әҳмийетли қуралы болған экономикалық анализ үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады. Қарама-қарсылық пайда болған жағдайда мүлкшилик ҳәм хожалық жүргизиў түрине қарамастан субъектлер өндиристи нәтийжели пайда етиў ушын өз ҳәрекетин ең алды менен басқармада басқарыў роли ҳәм сыпатын асырыўдан баслайды. Себеби, басқарыў қуралы хожалық субъекти өз алдына қойылған ўазыйпаларды шешеди ҳәм мақсетке ерисип барады. Кәрханада басқарыў системасы өз объекти ҳәм субъектинен ибарат болады.

Басқарыў процесинде тәртипке салыў функциясы-басқарыўшы субъекттиң ең әҳмийетли басқарыў қарарларын қабыл қылыўда үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады. Буның ушын үйренилип атырған объектке комплекс қатнасында пүтин бир системаны туўры ҳәм кери тәреплери нәзерде тутылған ең әҳмийетли шаралар яки ис-илажлар белгиленеди. Нәтийжеде басқарыў объекти ҳәрекеттеги яки дәстүрдеги кери жағдайлар жуўмақланады ҳәм басқарыў дәстүрлерине анықлық киртиледи. Усы ислер қуралсыз экономикалық анализ жәрдеминде әмелге асырылады. Себеби, тәртипке салынып атырған ҳәр бир объект ҳәр тәреплеме кеңнен үйрениледи.

Басқарыўда тийкарғы ҳәрекети исенимликти тәмийинлеўде қадағалап барыўдың роли үлкен. Оның жәрдеминде ҳәрекеттеги барысы ҳаққында, олардың қаншелли ҳақ екенлиги тексериледи. Тексериў процессиниң сыпаты, исенимликти асырыў ушын анализдиң усыл- лары, принциплеринен пайдаланылады ҳәм усы тийкарда керекли жуўмақлар алынады. Мысал ушын кәрханада аудит тексериўде финанслық жағдайы, финанслық турақлылығы ҳәм де усы сыяқлы нәтийжелери үйрениледи.

Кәрханалар, базардағы түрлери менен байланыслы болған ҳалда, анализ субъектлери ушын үйренилип атырған объектлер ҳәм көбейип бармақта. Базардағы инфраструктура хызметинен баслап кәрханадағы тәмийинлениўи, өндирис, сатыў ҳәм басқа есап-китап ҳәм де финанслық қатнасларға шекем, яғный баҳа жаратылыўы ҳәм ерисиўиниң бәрше басқышлары олар ушын анализ объекти болып қалады. Мәлим болған базар экономикасы өзгериўшеңлик классификациясына ийе.

Усыған байланыслы анализдиң ҳәм экономикалық ҳәдийсе ҳәм де процесслерди үйрениўде өзи әмел қылатуғын принциплери ҳәм бар. Усы принциплер анализ пәни объектлердиң объективлигин, логикалығын, түр-мазмунын, муғдар-сапасын ҳәм усы сыяқлы тәреплерин классификациялап реал шынлықты пайда етеди.

Бул принциплердиң халық аралық ҳәм миллий есап үлгилери тийкарында төмендеги түрлерди айтыў мүмкин.

1-кесте

**Экономикалық анализ пәни принциплериниң түрлери ҳәм олардың мазмуны**

| № | принциплер | Мазмуны |
|---|---|---|
| 1. | илимийлик | Хожалық ҳәрекетиниң экономикалық анализ қылыў услубы диалектика ҳәм де улыўма экономикалық теория пәнине тийкарланыўы ке рек. Анализ базар экономикасы нызамлары ҳәм талапларын есапқа алған ҳалда өткизилиўи шәрт. |
| 2. | Объективлик | Туўры ҳәм исенимли мағлыўматлар тийкарын да реал экономикалық ўақыялар яки принциплер сәўлелениўи ҳәм де үйренилиўи зәрүр. |

| | | |
|---|---|---|
| 3. | Тезлик пенен | Экономикалық ўақыя ҳәм процесслерди өз ўақтында тезлик пенен үйренип мақсетке муў апық ҳалда қайта ислеў түсиниледи. |
| 4. | Системалық | Анализ етилип атырған объект өз алдына бир пүтин система яки системаның элементи деп қаралады. |
| 5. | Исенимлилик | Алынған мағлыўматларда қәте жоқлығы ҳәм ҳақыйқый екенлиги, реаллылығы белгиленеди. |
| 6. | Салыстырмалылы қ | Көрсеткишлер салыстырмалылығын, ҳәм олардың бир тәризде есап-китап қылынғанлығы түсиниледи. Бунын ушын түрли дәўирлер ҳәм басқа кәрханалар ҳәрекети туўрысында тап усындай мағлыўматлар менен үйрениў мүмкиншилигин тәмийинлейди. |
| 7. | Бийтәреплилик | Информация пайдаланыўшыларының бир группасының зыяны есабынан басқа группалар мәпдарлығын қандырыўдың орынсызлығы түсиниледи. |
| 8. | Дәўирлик | Алынған мағлыўматлардың дәўирлик аралығы, хожалық ҳәрекети туўрысындағы мағлыўмат- лардың ўақыт пенен тәмийинленгенлиги түси- ниледи. |
| 9. | Пулда баҳалаў | Бәрше активлер, капитал ҳәм мәжбүриятлардың сумда сәўлелениўи. |
| 10. | Есапқа алыў | Дәрамад ҳәм қәрежетлердиң жүзеге шығыў ўақты, орны ҳәм орайлары бойынша есапқа алыныўы. |
| 11. | Мазмунның түрден үстин- лиги | Мағлыўматлардың есап ҳәм есабаттағы ҳуқықый түрдеги оның әҳмийети экономикалық ўақыялылығы бойынша еаспқа алыныўдағы сәўлелениўиниң үстинлиги. |
| 12. | Анық баҳалаў | Активлер ҳәм пайданың ҳәзирги дәўирдеги базар нархларында сәўлелениўи. |
| 13. | Үзликсизлик | Кәрхана хожалық ҳәрекети ушын бәрше процесслерди өз жуўмағына алған ҳалда есапда үзликсиз керсинше екенлиги түсиниледи. |
| 14. | Басқа принциплер | … |

Экономикалық анализ пәни өз предметин үйрениўде жоқардағы принциплерге тийкарланады.

## 1.2. Кәрханалардың финанслық жағдайы анализиниң мазмуны, ўазыйпалары ҳәм хабар дереклери

Финанслық-экономикалық кризис шараятында кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң финанслық жағдайының әҳмийети артып бармақта. Кризис шараятында жеке, жәмәәт, қоспа, шериклик, мәмлекет ҳәм басқа формадағы мүлкке ийе болған кәрханалардың финанслық жағдайын үйрениўдиң мазмуны соннан ибарат, бунда өз ўақтында пул түсимлериниң келиўи, есапласыў интизамына әмел қылыў, жеке ҳәм қарыз қаржыларының дурыс

бөлиниўин тәмийинлеў, финанслық тәртип ҳәм интизамға, барлық ислеп шығарыў буўынларында экономика ҳәм тежемлиликке әмел қылыў жүдә әҳмийетли болып есапланады. Кәрханалардың финанслық жағдайы көп жақтан – баҳа, кредит, пайда ҳәм оның экономикалық бөлистирилиў механизмине байланыслы. Сонлықтан, ҳәзирги шараятта ҳәр қандай кәрхананың финанслық жағдайын билиў ҳәм үйрениўге итибар күшеймекте.

Әсиресе, өним ислеп шығарыў ҳәм оны сатыў, арнаўлы ҳәм мақсетли қаржылар, запас жамғармасы, пайда ҳәм зыянлар, ҳәр қыйлы есап-китаплар, баҳалы қағаз ҳәм вексельлер бойынша мағлыўматлардан көбирек пайдаланылады. Булар хожалық искерлигиниң дурыс басқарылыўы, оның финанслық турақлы болыўы ҳәм төлеў қәбилетиниң жақсыланыўына туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди.

Кәрхананың финанслық ресурсларын дурыс ҳәм усталық пенен басқарыў ушын биринши нәўбетте кәрхананың финанслық жағдайы ҳәм ресурслардан пайдаланыў нәтийжелилигиниң анықланыўы ҳәм анализлениўи керек болады.

Кәрхананың финанслық жағдайы финанслық ресурсларының түрлер бойынша барлығын, бәсекиге шыдамлылық дәрежеси, мәмлекет ҳәм басқа хожалық субъектлери алдында мәжбүриятларды басқарыў қәбилетин аңлатыўшы көрсеткишлер комплекси болып табылады.

Кәрхананың финанслық жағдайын баҳалаў мүлклик жағдай; ликвидлилик; финанслық турақлылық; финанслық нәтийжелер; жумысқа тийисли активликти аңлатыўшы көрсеткишлер бойынша баҳаланады.

Кәрхана финанслық-хожалық искерлигин анализлеўдиң тийкарғы ўазыйпасы төмендегилерди баҳалаў болып есапланады:

- бухгалтерия балансы ҳәм мүлклик жағдай көрсеткишлеринин системасы;

- тийкарғы қураллар жағдайы, тәмийнленгенлик ҳәм пайдаланыў нәтийжелилиги;
- финанслық турақлылық;
- ликвидлилик ҳәм төлеў қәбилети;
- хожалық искерлигиниң финанслық нәтийжелери;
- жумысқа тийисли активлик.

Орынланатуғын ўазыйпалар соны көрсетеди, финанслық жағдайды анализлеў кәрханаларда қәлиплесип атырған басқарыў системасын жетилистириўде үлкен әҳмийетке ийе.

Кәрханалардың ишки ҳәм сыртқы факторлар тәсири астында қәлиплескен финанслық жағдайы, олардың перспективасын анықлаў менен бирге, бул кәрхана менен байланыста болған басқа шөлкемлер ҳәм кәрханалардың финанслық жағдайына тәсир көрсетеди. Улыўма кәрханалардың ислеп шығарыў, хожалық искерлигин, соның ишинде олардың финанслық жағдайы анализи тийкарын бир пүтин комплекс экономикалық пәнлер: экономикалық теория, макро ҳәм микро экономика, менеджмент ҳәм маркетинг, статистика, бухгалтерия есабы, аудит, финанс, кредит ҳәм басқалар қурайды. Демек, анализлеўши қәниге-аудиторлар терең экономикалық билимге ийе болыўы керек.

Кәрхананың финанслық жағдайын анализлеў, яғный финанслық анализ – бул кең көрсеткишлер жәрдеминде, комплекс усыллардан пайдаланып кәрханалардың финанслық ресурслары барлығын, жағдайын, жайласқанлығы ҳәм олардан пайдаланыў дәрежесин аңлатыў болып табылады[17].

Кәрханалардың финанслық жағдайын анализлеў кең көлемде ҳәм анық ўазыйпаларды орынлаў ушын өткериледи. Кәрханалардың ислеп шығарыў, хожалық искерлигиниң финанслық жағдайын анализлеў ушын дәстүрий, әййемнен қолланып киятырған усыллар менен бирге, кең түрде

---

[17] Акрамов Е.А. «Кәрханалардың финанслық жағдайының анализи”. - Т.: финанс. 2003. 8 бет

статистика усыллары, финанслық жағдайды аңлатыўшы мағлыўматларды жыйнаў ҳәм улыўмаластырыў, статистикалық гүзетиўлерди өткериў, абсолют, салыстырмалы, орташа, динамикалық көрсеткишлерден пайдаланыў, динамикалық қатарлардан, экономикалық индекслер системасынан, факторлараралық корреляция байланысларын анықлаў, кесте ҳәм сызылма системасынан пайдаланыў керек.

Базар экономикасы қатнасықларына өтиў нәтийжесинде кәрхана ҳәм шөлкемлердиң халық хожалығының қайсы тармағына ҳәм қайсы мүлк формасына тийислилигинен ғәрезсиз, жаңа есабат формалары ҳәм оларды көрсетиў тәртиплери өзгерди. Жаңа есабат көп жақтан бухгалтерия есабы ҳәм финанслық есабат бойынша халықаралық критериялар талабына жуўап береди.

Кәрханалардың финанслық жағдайы анализиниң дәрежеси ҳәм мазмуны пайдаланылып атырған мағлыўматлар базасына байланыслы. Экономикалық пәнлердиң раўажланыўы, бухгалтерия есабы ҳәм есабатларының жетилистирилиўи менен мағлыўматлар базасы да жетилисип барады. Демек, пайдаланылатуғын мағлыўматлар финанслық анализдиң дереклери болып есапланады. Бундай дереклер сыпатында кәрханалардың жыллық ҳәм басқа есабатларын көриў мүмкин.

Жаңа тастыйықланған финанслық есабатларда финанслық жағдайды ҳәр тәреплеме аңлатыў ушын имканиятлар бар. Финанслық анализди өткериўде, әлбетте жоқарыда көрсетилген финанслық дереклер менен шегараланбаў керек. Зәрүрлик болса, басқа бухгалтерия есабаты ҳәм есабы мағлыўматларынан пайдаланыў керек. Финанслық мағлыўматлардан пайдаланған ҳалда кәрханалар искерлигине дурыс баҳа бериў әҳмийетли ўазыйпа болып есапланады.

Кәрханаларды туўры ҳәм ақылға муўапық басқарыў ушын ҳәр түрли мағлыўмат системаларынан пайдаланыў зәрүр, олар арқалы туўры басқарыў қарарларын қабыл етиў мүмкин. Мағлыўматлар дейилгенде

экономикалық ҳәдийселер, ўақыялар ҳәм хожалық процесселерин тийисли дереклер арқалы сәўлелендириў, оларды қайта ислеў, есаплаў, үйрениў ҳәм де қызығыўшы шөлкемлерге жеткериў түсиниледи болып саналады. Анализ ушын крекли мағлыўматларды мазмунына қарап бир нешше түрлерге ажыратыў мүмкин. Төмендеги 2-сызылмада олардың түрлери көрсетилген.

Көплеп дереклерди анализ процесинде қоланыў олардың мазмунын байытыўға, басқарыў қарарларын қалыс болыўын ҳәм кәрханаларды базар экономикасы шәраятында актив қатнасыўына имкан жаратады.

Бухгалтериялық есап мағлыўматлары экономикалық анализ маглыўматлары қурамында 70 пайыздан артық салмагын қурайды. Өзбекистан Республикасында «Бухгалериялық есап туўрысындағы нызам» 1996-жыл қабыл етиген болып, барлық искерлик алып барып атырған юридикалық ҳәм физикалық тәреплер булл нызамға әмел етиўлери керек.




**2-сызылма. Анализ ушын керекли мағлыўматлар түрлери**

Анализ ушын керекли мағлыўматлар дереклери төмендеги талапларды орынлаўы керек. Ҳақыйқыйлық ҳәм қалыслық принципине әмел етиледи;

- Дереклер анализ қылыныўы ушын кең имканиятлы болыўы керек, яғный реже, есап ҳәм статистикалық мағлыўматлар ҳәдийсе ҳәм процесслер мазмунын толық жарытыўы, талап етилген ўазыйпаларды орынлаўы керек;
- Экономикалық ҳәдийсе ҳәм ўакыяларды анлатыўшы дерклер анық өлшемде сәўлелендирилиўи керек;
- Барлық дереклердиң улыўмалық бирлиги ҳәм өз-ара байланысы сақланатуғын ҳәм де олардағы мағлыўматлар бир-бирн толтырып турыўы талап етиледи;
- Дереклерге киритилген көрсетикишлердиң анықланыў принциплери ҳәм сәўлелендирилетуғын дәўирлер сәйкеслиги зәрүр ҳәм басқаллар талап етиледи.

Жоқарыдағы талапларға жуўап бериўши барлық мағлыўматлар анализдиң орынланыўы, мазмунға бай болыўына мүмкиншилик жаратады.

Әсиресе, жыллық финанслық есабат мағлыўматларын мазмуны бойынша тексериў анализ жумысларының нәтийжели өтиўин тәмийнлеўде өте әҳмийетке ийе. Мағлыўматларды анализлеўден алдын олар тексерип алынады. Мағлыўматлардың туўрылығына исеним айда етиў ушын болса, айырым көрсеткишлерди белгили бир есабат мағлыўматлары менен салыстырып олардың бир-бирине сәйкеслиги үйрениледи.

Усындай тәртипте дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызларын, пул ҳәрекети ҳаққында есабат, жеке капитал ҳаққында есабат ҳ.т.б.ларды өз-ара салыстырып тексерип шығыў мүмкин.

Финанслық есабаттың түрли формаларындағы мағлыўматлардың бир-бирине сәйкеслигин үйрениў төмендеги кестеде келтирилген. (1-кесте)

**1-кесте**

**Финанслық есабаттың түрли формаларындағы мағлыўматлардың бир-бирине сәйкеслигин тексериў**

| **Көрсеткишлер аты** | Форма номери | Бирлемши | | Екилемши | | | Сәйкеслиги |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Қатары | Сумма, мың сўм | Форма номери | Қатары | Сумма, мың сўм | |
| **А** | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| Тийкарғы қураллар: Басланғыш баҳа. | 1 | 010 | 71000 | 3 | 130 | 71000 | **Сәйкес** |
| Ескириў баҳасы. | 1 | 011 | 44500 | 3 | 130 | 44500 | **Сәйкес** |
| Устав капитал | 1 | 320 | 80000 | 5 | 080 | 80000 | **Сәйкес** |
| Бөлистирилмеген пайда | 1 | 350 | 45000 | 5 | 080 | 45000 | **Сәйкес** |
| Басқалар | | | | | | | |

Изертлеў нәтийжелери бойынша өндирислик кәрханаларда анализ жумысларын шөлкемлестириўдиң схемасын келтириўге болады (3-сызылма).

Егер бир түрдеги мағлыўматлар түрли дереклерди бир түрдеги тәртипте сәўлелендирилген болса, ондай жағдайда бул мағлыўматлар туўры деп тән алынады.




**3-сызылма. Өндирислик кәрханаларда экономикалық анализди шөлкемлестириў**

## 2-бап кәрханалардың төлем уқыплылығы ҳәм есап-анализ мағлыўматлары менен тәмийнлеўдиң методикалық аспектлери

### 2.1. Кәрханалардың төлем уқыплылығы, финанслық турақлылығын аңлатыўшы көрсеткишлерди баҳалаў ҳәм анализлеў усыллары

Финанслық жағдай мәмлекет, шөлкем ҳәм шахслар ортасында болатуғын өз-ара қатнасларды тәртипке салыў менен байланыслы пуллай болатуғын есап-китапларын аңлатады. Финанслық жағдай кәрхананың қаржы менен тәмийнленгенлиги, барлық түрдеги қаржылардың мақсетке муўапық бағдарланыўы ҳәм олардан пайдаланыўдың мақсетке муўапықлығы, бюджет, банк, шийки зат жеткерип бериўшилер, қарыйдарлар ҳәм басқа шөлкемлер менен алып барылатуғын есап-китап жағдайы менен характерленеди. Кәрхананың финанслық жағдайы турақлы, турақлы емес ҳәм кризис дәрежесинде болыўы мүмкин. Финанслық турақлылыққа ийе болған кәрханаларда жумысшы ҳәм хызметкерлер менен ис ҳақы, бюджет, банк, товар жеткерип бериўшилер менен болатуғын есап-китап жумыслары өз мүддетинде әмелге асырылады. Финанслық интизамға бойсынбаў, дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызларының артып кетиўине алып келеди ҳәм мүддети узайтырылған қарызлардың созылмалы даўам етиўи банкротлық белгилерин жүзеге келтиреди.

Финанслық жағдай турақлылығының анализи арқалы белгили дәўир аралығында финанслық ресурсларды кәрхана қандай басқарғанлығына баҳа бериледи. Алдын-ала, финанслық ресурслардың жағдайы базар ҳәм кәрхана раўажланыўының талапларына сәйкес келиўи керек, себеби финанслық турақлылықтың талап дәрежесинен пәс болыўы кәрхананың төлемге жарамлылығын пәсейтеди, ислеп шығарыўдың раўажланыўы ушын қаржылар жетиспеўшилигине алып келеди. Буның кериси болған жағдайларда болса финанслық ресурслардың артықшалығы ислеп шығарыў раўажланыўына тосқынлық етеди, ислеп шығарыў запаслары ҳәм

резервлериниң нормадан артып кетиўине себеп болады. Демек, финанслық ресурслардың нәтийжели қәлиплесиўи, бөлистирилиўи ҳәм олардан пайдаланыўы финанслық турақлылықтың мазмунын аңлатады екен.

Төлем уқыплылығы кәрхананың финанслық жағдайын аңлатыўшы тийкарғы көрсеткишлеринен бири болып, нақ пул қаржылары арқалы мүддети келген төлем миннетлемелерын орынлай алыўына айтылады.

Кәрхананың төлемге жарамлылығы *баланс активи көрсеткишлериниң ликвидлиги* ҳәмде *пул қаржылары ҳәрекетин* үйрениў арқалы анықланады. Ликвидлик көрсеткишлери арқалы Төлем уқыплылығыты анықлаймыз. Буның ушын Айланыс активлериниң ликвидлиги, баланс ликвидлиги, кәрхана ликвидлиги, Төлем уқыплылығы көрсеткишлерине қысқаша түсиник беремиз. Айланыс активлериниң ликвидлиги баланс ликвидлигинен парқланады. Айланыс активлериниң пулға айланыўы ушын кететуғын ўақыт қанша қысқа болса, оның ликвидлиги сонша жоқары болады.

Хожалық жүритиўши субъекттиң активиндеги затлардың пулға айланыўы арқалы төлем миннетлемелерын қаплай алыўы, анығырақ айтқанда – төлем миннетлемелерының мүддети активтеги затлардың пулға айланыў мүддетине сәйкес келиўине *баланс ликвидлиги* деп түсиниледи. Баланс ликвидлигин анализлеў ушын профессор Э.Акрамов пикиринше, баланстың актив тәрепиндеги бир дәўирге барып нақ пулға айланатуғын қаржыларды усы дәўирде қайтарылатуғын миннетлемелер менен салыстырыў керек.

Кәрхана ликвидлиги – баланс ликвидлигине салыстырғанда кең мәнисти аңлатады.

Баланс ликвидлиги төлем миннетлемелеры тек кәрхананың ишки имканиятлары (активлер реализациясы)нан келип шыққан ҳалда анықланады. Бирақ кәрхананың инвестиция искерлиги, исбилерменлик активлигин асырыў ушын өз қаржыларынан тасқары шеттен қарыз қаржыларын да алыўы мүмкин.

“Төлем уқыплылығы” ҳәм “ликвидлик” көрсеткишлери бир-бирине жақын, бирақ “ликвидлик” бираз кеңирек мәнисти аңлатады. Төлем уқыплылығы баланс ликвидлиги ҳәм кәрхананың ликвидлик дәрежелерине байланыслы болады.

Кәрхананың ағымдағы ҳәм келешектеги финанслық жағдайын ликвидлик көрсеткишлери аңлатады. Анализленип атырған кәрхана есабат дәўиринде төлемге жарамлы, бирақ келеси жылларда қолайсыз экономикалық шараятқа түсип қалыўы ҳәм буның кериси де болыўы мүмкин.




**4-сызылма. Ликвидлик ҳәм кәрхананың төлем уқыплылық көрсеткишлериниң бир-бирине үзликсиз байланыслылығы.**

Төлем уқыплылығы, кәрхана ликвидлиги ҳәм баланс ликвидлигин профессор Г.В.Савицкая көп қабатлы бинаға уқсатады. Бунда барлық

қабатлар бир-бирине тең, бирақ екинши қабатты бириншисиз, үшинши қабатты биринши ҳәм екинши қабатларсыз қурып болмайды. [18]

Демек, баланс ликвидлиги төлем уқыплылығы ҳәм кәрхана ликвидлигиниң тийкары (фундаменти)н қурайды. Басқаша етип айтқанда ликвидлик – төлем уқыплылығыты сақлаў усылы болып есапланады.

Кәрхананың төлемге жарамлылығының динамикасы ҳәм оның дәрежеси ҳаққында анық жуўмақ шығарыў ушын төмендеги факторлар тәсирин де есапқа алыў зәрүр:

– кәрхана искерлигиниң характери. Мәселен, санаат, қурылыс характериндеги кәрханаларда ислеп шығарыў запасларының үлеси жоқары, пул қаржыларыники болса пәс;

– дебиторлар менен есапласыў усылы;

– ислеп шығарыў запасларының жағдайы;

– дебиторлық қарызлар жағдайы: оның қурамындағы мүддети өткен, гүманлы қарызлардың бар яки жоқ емеслиги.

Кәрхананың улыўма төлемге жарамлылығы бар жәми активлер менен миннетлеме (қысқа мүддетли ҳәм узақ мүддетли) ларды қаплай алыўын аңлатады.

$$К_{ул.қап} = \frac{АА – КДҚ}{ҚММ\text{-}КДД\text{-} КДҚ \text{ ҳәм } ТУЗ}$$

АА- Айланыс активлер

КДҚ-Келеси дәўир қәрежетлери

ҚММ-Қысқа мүддетли миннетлемелер

КДД-Келеси дәўир дәраматлары

ТУЗ-Төлем ушын запаслар

Улыўма қаплаў коэффициенти 2 ден киши болмаўы ($К_{ул.қап.} \geq 2$) керек.

[18] Савицкая Г.В. Анализ хозяйственной деятельности. –М.: Инфра-М., 2007, 256 стр.

Енди төлем уқыплылығыты пул қаржылары ҳәрекетин гүзетиў ҳәм үйрениў арқалы анықлаймыз. Ағымдағы төлем қәбилетиниң ишки оператив анализи арқалы өним сатыўдан, дебиторлық қарызларды өндириў ҳәм басқа пуллы түсимлерди бақлаў ҳәмде кәрхананың зат жеткерип бериўшилер, банк ҳәм басқа кредиторлар алдындағы миннетлемелерының орынланыўын қадағалаў ушын төлем *календары* дүзиледи.

Оператив төлем каленьдары 1,5,10,15 кун, 1 ай мүддетлерге дүзилиўи мүмкин. Кәрхананың төлемге жарамлылығын бул усылда анықлаў ушын белгили дәўирдеги төлем *қаржыларын, төлем миннетлемелеры* менен салыстырыў керек. Салыстырыў нәтийжесиниң коэффициенти 1 ҳәм оннан ($К \geq 1$) үлкен болыўы төлем уқыплылығыты аңлатады.

2-кесте.

*Оператив төлем каленьдары (10.01. мүддетине шекем)*

| **Төлем қаржылары** | **Сумма, мың. сўм.** | **Төлем миннетлемелеры** | **Сумма, мың. сўм.** |
|---|---|---|---|
| Пул қаржыларының қалдығы: | | Мийнетке ҳақы төлеў | 1050 |
| – касса | - | Бюджетке төлемлер | 320 |
| – банктеги есап счеты | 2500 | Мақсетли мәмлекет жамғармаларына төлемлер | 1130 |
| Баҳалы қағазлар<br>Пул қаржыларының келип түсиўи 10.01. ге шекем: | 50 | Зат жеткерип бериўшилер ҳәм кесип алыўшылар | 4100 |
| – өним сатыўдан | 5080 | Банк кредитиниң пайыз төлемлери | 180 |
| – басқа сатыўлардан | 185 | Банк кредити | 850 |
| – финанслық искерликтен | 170 | Басқа кредиторлық қарызлар | 170 |
| Алынған аванслар | 500 | Басқа төлемлер | 50 |
| Кредит, қарызлар<br>Мүддети узайтырылған дебиторлық қарызлардың өндирилиўи | -<br>120 | Жәми | 7850 |
| Басқа қаржылар | 30 | Төлем қаржыларының төлем | 785 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | миннетлемелерынан артықшалығы | |
| Баланс | 8635 | Баланс | 8635 |

Төлем уқыплылығытың пәс дәрежеде болыўы көбинесе пул қаржыларының жетиспеўшилиги ҳәм мүддети узайтырылған қарызлардың бар екенлиги менен түсиндириледи. Сонлықтан комплекс анализ даўамында төлем уқыпсызлық себеплери ҳәр тәреплеме терең үйрениледи.

Төлем уқыпсызлық себеплери:

– өним ислеп шығарыў ҳәм сатыў көлемлериниң пәсейиўи, өзине түсер баҳаның артыўы, пайданың қысқарыўы нәтийжесинде өз қаржылары дерегиниң кәрхананы қаржыландырыў ушын жетиспеўшилиги;

– Айланыс капиталынан мақсетке муўапық пайдаланбаслық, яғный қаржылардың дебиторлық қарызлар, нормадан жоқары запаслардың қәлиплесиўине сарпланыўы;

– қарыйдарлардың төлем қәбилетине ийе емеслиги;

– салық жүги, салықларды өз ўақтында ҳәм толық төлемегенлиги ушын жәрийма санкцияларының жоқарылығы.

Төлем уқыплылығы көрсеткишлериниң өзгерис себеплерин анықлаў ушын *пул қаржыларының кириси* ҳәм *шығыслары* режесиниң орынланыўын анализлеў үлкен әҳмийетке ийе. Бундай анализ ушын пул қаржыларының ҳәрекети менен байланыслы көрсеткишлер бизнес режедегиси менен салыстырылады. Биринши гезекте операцион, инвестиция ҳәм финанслық искерликлердиң бюджетиндеги дәрамат бөлегиниң орынланыўы, белгиленген режеден парқланыў себеплери анықланады.Финанслық турақлылық кең қамраўлы көрсеткиш болып, кәрхана искерлигиниң барлық тәреплериниң нәтийжеси онда сәўлеленеди. Финанслық турақлылыққа ерискен кәрханалар төмендеги өзгешеликлерге ийе болады:

– базар қатнасларының ҳәр қыйлы шараятларында да искерлик жүрите алыўы;

– кәрхана пул қаржыларының еркин ҳәрекет етиўи;

– финанслық ресурслардың базар талапларына сай келиўи;

– финанслық ресурслардың жағдайы ислеп шығарыўды раўажландырыў ҳәм төлем қәбилети, кредитке жарамлылығын тәмийнлей алыўы;

– ислеп шығарыў запаслары ҳәм қәрежетлериниң дереклер менен қапланыўы.

Экономикаға тийисли әдебиятларда финанслық турақлылыққа тийисли көрсеткишлер, оларды есаплаў жоллары ҳәм анализи жетерлише берилмеген.

Финанслық турақлылық мазмун жағынан ҳәр түрли анықланады. Төлем қәбилети, баланс ликвидлиги, кәрхананың базар активлиги көрсеткишлери, финанслық турақлылық көрсеткишлери сыпатында көрилиўи улыўма надурыс.

Профессор Э.Акрамов тәрепинен финанслық турақлылық көрсеткишлери ҳаққында билдирилген пикирлер дыққатты тартады. Финанслық турақлылық дәрежесин анықлаў ушын запас ҳәм қәрежетлер яки материаллық айланыс қаржыларды оларды қуралыў дереклерине қатнасы көринисинде анықлаў усынылады. Финанслық коэффициентлер болса финанслық турақлылықты аңлатыўшы финанслық жағдайдың қосымша көрсеткишлери болады[19], делинеди бул қолланбада. Финанслық коэффициентлерди анықлаў методы ҳәм олардың саны туўрасында да белгили бир шешимге келинбеген.

М.Қ.Пардаев, Б.И.Исроиловлар тәрепинен финанслық турақлылықты аңлатыўшы көрсеткишлерди экономикалық мазмуны жағынан бес топарға бөлип үйрениў усынылады[20].

1. Өз (жеке) қаржылары менен байланыслы көрсеткишлер.

2. Шеттен қамтылған қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

3. Ҳәрекеттеги қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

---

[19] Э.Акрамов (“Кәрхананың финанслық жағдайының анализи”. –Т.: “Молия”, 2003)
[20] М.Қ.Пардаев, Б.И.Исроилов (“Экономикалық анализ”. Оқыў қолланба. –Т.: 2001, 137-бет)

4. Айланыс қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

5. Тийкарғы затлардан пайдаланыў менен байланыслы көрсеткишлер.

Басқа да оқыўлық дереклеринде финанслық турақлылықты аңлатыўшы ең әҳмийетли көрсеткишлер деп жети коэффициент келтириледи[21].Профессор Н.М.Любишин тәрепинен жазылған сабақлықта финанслық турақлылық коэффициентлерин анықлаўдың алты методы усынылады[22].

Бизиң пикиримизше, финанслық турақлылықты баҳалаўда көрсеткишлер системасынан пайдаланыў мақсетке муўапық. Буның ушын көрсеткишлер үш топарға ажыратылған ҳалда үйрениледи.

I топар. Төлем уқыплылығы.

II топар. Капитал структурасы

III топар. Тийкарғы затлар ҳәм айланыс қаржылар жағдайын аңлатыўшы көрсеткишлер.

Анализ даўамында финанслық турақлылыққа тәсир етиўши ишки ҳәм сыртқы факторларға итибар қаратыў керек.

Ишки факторларға төмендегилерди киритиў мүмкин:

- кәрхана искерлигиниң тармақ өзгешелигине сәйкес келиўи;
- ислеп шығарылып атырған өним, көрсетилип атырған хызмет дүзилиси (структурасы);
- устав капиталына төленген муғдар көлеми;
- қәрежетлер муғдары, олардың дәраматларға қатнасының динамикасы;
- мал-мүлк ҳәм финанслық ресурслардың жағдайы, соның ишинде, запас ҳәм резервлер, олардың қурамы ҳәм дүзилиси.

Сыртқы факторларға хожалықты жүритиўдиң экономикалық шәртлери, Төлем уқыплылығы, қарыйдарлардың дәраматлық дәрежеси,

---

[21] .В.Ваҳобов, А.Т.Иброҳимов, Н.Ф.Ишонқулов (“Финанслық ҳәм басқарыў анализи”. “Шарқ” баспа акционерлик компаниясы Бас редакциясы. –Т.: 2005, 219-220-бетлер) сабақлығы

[22] Н.М.Любишин “Анализ финансово-экономической деятельности предприятия” (–М.: 2001, 111-113-бетлер)

мәмлекеттиң салық ҳәм кредит бойынша сиясаты, сыртқы экономикалық байланыслар ҳәм басқалар киреди.




**5-сызылма. Кәрхана турақлылығының түрлери.**

Улыўма турақлылық шегарасының жоқары яки пәс болыўы ҳәр түрли себеплерге байланыслы (5-сызылмаға қараң).

– “Турақлылық запасы” – бир неше жыллар даўамында қәлиплескен финанслық запаслар муғдары тосыннан болатуғын ҳәм кескин сыртқы күтилмеген өзгерислердиң алдын алыўға қаратылған.

– техник-экономикалық турақлылық – инвестиция проектлериниң нәтийжелилиги, техника менен қуралланыў дәрежеси, ислеп шығарыў, мийнет, басқарыўды шөлкемлестириў; пул ағымларының ҳәрекети себепли пайдаға ерисиўди аңлатады.

– финанслық турақлылық – дәраматтың қәрежетлерге қарата ҳәм ресурслар жағдайының жоқары болыўы, пул қаржыларының еркин ҳәрекетин тәмийнлейди, қаржылардан нәтийжели пайдаланыў ислеп шығарыў үзликсизлиги, оны кеңейтиў ҳәм жаңаланыўы ушын шараят жаратады.

Финанслық турақлылық өз ҳәм шеттен қамтылған капиталлар қатнасы, ағымдағы, инвестиция ҳәм финанслық искерлик себепли өз

капиталы жамғармасының өсиў дәрежеси, ҳәрекетшең ҳәм иммобилизация қылынған ресурслар қатнасы, запаслардың өз қаржылары дереги менен тәмийнлениўин аңлатады.

Демек, финанслық турақлылық финанслық ресурслардың жағдайы бириншиден, базар талабына сәйкес келиўи, екиншиден, ислеп шығарыўдың раўажланыўын тәмийнлеўи керек.




**6-сызылма. Кәрхана финанслық турақлылығының түрлери.**

Финанслық турақлылық дүзилисин төмендегише аңлатыў мүмкин:

– ағымдағы – конкрет (анық) дәўир аралығындағы финанслық турақлылық; – имкан – сыртқы шараят өзгерисин есапқа алған ҳалдағы финанслық турақлылық; – жүзеки – мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатланатуғын, шеттен берилетуғын жәрдем есабынан финанслық турақлылық; – реал – бәсеки шараятында кеңейген қайта ислеп шығарыў имканиятларын есапқа алған ҳалдағы финанслық турақлылық.

Профессионал сөз байлығында “финанслық турақлылық” атамасының ислетилиўи бирдей мәнисти аңлатпайды.

Шет ел экономикалық әдебиятлары ҳәм жәҳән әмелиятында “финанслық турақлылық” сөзиниң аңлаталыўындағы парқланыў кәрхана

балансы анализине еки түрдеги жантасыў, яғный баланс ликвидлигиниң дәстүрий ҳәм заманагөй функционал усылларын қолланыў арқалы жүзеге келеди.

Финанслық турақлылықты баланс ликвидлиги анализиниң дәстүрий усылы арқалы анықлаў төмендегилерди өз ишине алады:

– минимал финанслық теңлик қағыйдасы – унамлы ликвидликке тийкарланған болып, бунда ағымдағы активлер ликвидлигиниң өсиўи миннетлемелерға қарата жоқары болыўы шәрт;

– максимал қарыздарлық қағыйдасы – дәстүрий нормаларға муўапық кәрхана қарызын өз қаржылары менен қапланыў шегарасы: узақ ҳәм орта мүддетли қарызлар турақлы капиталдың ярымынан жоқары болмаўы керек.

– максимал қаржыландырыў қағыйдасы – алдынғы қағыйдаға әмел қылынған ҳалда қарыз капиталы барлық қойылмалар ушын төленетуғын пайыз суммаларынан артып кетпеўи керек.

– Функционал баланс ликвидлигиниң анализи арқалы финанслық турақлылық төмендеги шәртлерге әмел қылған ҳалда анықланады:

– финанслық теңсалмақлылықтың сақланыўы ушын стабил ресурслар – турақлы капитал ҳәм оған теңлестирилген қаржылар стабил жайластырылған активлерди 100% қаплаўы керек. Қатнастың 100% тен пәс болыўы стабил жайласқан қаржылар стабилге ийе болмаған ресурслар менен, яғный қысқа мүддетли миннетлемелер формасында қаржыландырылғанлығын аңлатады. Айланыс активлерине болған талап қысқа мүддетли қаржыландырыў себепли есабат дәўири аралығында өзгерип турады ҳәм бул өзгерислер төмендегилерге алып келеди:

– айланыс активлериниң артықша тәмийнлениўине, буның нәтийжесинде ўақтынша еркин ҳәрекеттеги айланыс қаржылары жүзеге келеди;

– айланыс активлери менен жетерли дәрежеде тәмийнленбеўине, буның нәтийжесинде шеттен қарыз қаржыларының қамтылыўына;

– улыўма қарыздарлықты баҳалаў – шеттен қамтылған қарыз қаржылары өз қаржыларына қатнас көринисиндеги аңлатылыўы болады.

Әмелдеги экономикалық пән өз қарамағында финанслық көрсеткишлерди анализлеўдиң көплеп усыллары ҳәм методларын жәмлеген.

Олар базар қатнаслары шараятында анализ алдына қойылған жаңа талаплар себепли өзгерип барады. Кәрхананың финанслық турақлылығын анализлеўдиң усыллары 7-сызылмада келтирилген.




**7-сызылма. Кәрхана финанслық турақлылығын анализлеў усыллары.**

Кәрхана искерлиги қурамалы система ҳәм дүзилмелерден ибарат болып, сол себепли оның турақлылығын баҳалаў коплекс түрде жантасқан ҳалда финанслық турақлылық көрсеткишлери системасынан пайдаланыў керек. Көрсеткишлер еки топарға бөлинеди: толық, салыстырмалы.

Финанслық турақлылықты толық көрсеткишлер қатнасында анықлаў ушын ислеп шығарыў запаслары оны қураўшы дереклери, яғный өз айланыс қаржылары, банктен алынған узақ мүддетли ҳәм қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлардың суммалары менен салыстырылады. Салыстырмалы көрсеткишлер пайыз, коэффициент, индекслер көринисинде аңлатылады.

## 2.2. Бухгалтерия балансы ҳәм оның есап- анализ тәмийнатында қолланылыўы

Бухгалтерия балансы кәрхананың финанслық жағдайын анализлеўдиң тийкарғы дереги болып есапланады. “Баланс” атамасы латынша бис – еки мәрте, ланс – тәрези пәллеси сөзлеринен қуралып, тар мәниде еки пәлле деген мәнини аңлатады ҳәм теңлик түсиниги сыпатында ислетиледи.

Баланстың актив ҳәм пассив тәреплери болады. Актив тәрепинде кәрхана қаржылары, пассивинде болса хожалықтың өзине тийисли дереклер, кредитке ҳәм қарызға алынған басқа дереклер көрсетиледи. Актив қаржылардың артыўы, пассивтеги дереклер ҳәм пайда (дәрамат)ның көбейиўи менен байланыслы. Баланстың барлық бөлим ҳәм бәнтлерин терең үйрениў финанслық жағдайды толық өзлестириўдиң тийкарын қурайды. Баланс артқанда кәрхана қаржыларын группалаў ҳәм жайластырыў оларды пайда етиў дереклерин пул формасында сол сәнеге көрсетиў түсиниледи.

Бухгалтерия балансы төмендеги белгилери бойынша классификацияланады: дүзилиў ўақты, хабар көлеми, мүлкшилик формасы, сәўлелендириў объекти “тазалаў” усылы.

Дүзилиў ўақтына қарай бухгалтерия баланслары кирисиў, ағымдағы, сапластырыў, бөлиў ҳәм бирлестириў баланслары болыўы мүмкин.

“Тазалаў” усылына қарай баланслар баланс “брутто” ҳәм баланс “нетто”ға ажыратылады. Баланс брутто – тәртипке салыўшы затларды өз ишине алыўшы баланс.

Баланс нетто – баҳадан тәртипке салыўшы затлар суммасы шегириледи.

Мысалы, тийкарғы қураллардың қалдық баҳасын есап-китап қылыў ушын “тийкарғы қураллар” суммасынан олардың ескириў суммасы шегириледи (012 қатар= 010-011).

Өзбекистан Республикасындағы барлық кәрханалар баланс-нетто дүзеди.

Анализлеўдиң нәтийжеси алдын-ала есабат мағлыўматларының сыпатына байланыслы. Сонлықтан есап ҳәм есабат материалларын тексериў керек. Финанслық есабат мағлыўматларын анализлеў жағынан қайта ислеўдиң усылларынан бири анализлеўши кестелерди дүзиў. Кестеге анализ етилетуғын көрсеткишлердиң база ҳәм әмелдеги дәрежеси киритиледи, абсолют парқ анықланады ҳәмде тийисли жуўмақ жазылады.

Анализлеў кестелериниң абзаллығы соннан ибарат, ол да болса көрсеткишлердиң өз-ара байланысы жүдә анық көргизбели түрде көринеди.

Финанслық анализдиң соңғы басқышы оның нәтийжелерин рәсмийлестириў болып есапланады.

Анализ нәтийжелерине тийкарланған ҳалда мағлыўматнама яки түсиндирме жазылады. Түсиндирмеде кәрхананың хожалық искерлигинде қолға киритилген абзаллықлары ҳәм жол қойылған кемшиликлери сәўлелендириледи ҳәмде бул кемшиликлерди сапластырыў жоллары көрсетиледи. Бул орында әсиресе, ишки хожалық резервлериниң ислеп шығарыў нәтийжелилигин асырыў ҳәм финанслық жағдайды

турақластырыў жоллары көрсетиледи. Түсиндирме қысқа ҳәм мазмунлы баян етилиўи керек.

Кәрхана финанслық-хожалық искерлигиниң бухгалтерия балансы тийкарында дәслепки баҳалаў есабат жылы ақырында болған баланс материалларын жыл басына болған мағлыўматлар менен салыстырыў ҳәм шетке шығыўларды анықлаў жолы менен әмелге асырылады. Баланстың айырым бәнтлери бойынша өзгерислер кәрхана хожалық искерлиги нәтийжесинде жүз береди.

Балансты анализлеўде оның системасы анықланады ҳәм хожалық искерлиги нәтийжесинде қаржылар ҳәмде олардың дереклери қурамында жүз берген өзгерислер үйрениледи; қаржылар қаншелли дурыс жайластырылғанлығы анықланады ҳәм кәрхананың финанслық жағдайына дәслепки баҳа бериледи.

Анализленип атырған кәрхананың мүлклик жағдайын бухгалтерия балансы тийкарында анализлеўде оларды анықлаўшы көрсеткишлер есаплап шығылады, олардың бир жылдағы ҳәм қатар жыллардағы өзгерислери анықланады (3-кесте).

**3-кесте**

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң мүлклик жағдайының анализи**

**мың сўмда**

| **Көрсеткиш** | **2015-жыл басына** | | **2015-жыл ақырына** | | **Парқы** | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Сумма** | **Салмағы, %** | **Сумма** | **Салмағы, %** | **Сумма** | **Салмағы, %** |
| Жәми мүлик (400 қатар) | 361791 | 100,00 | 188133 | 100,00 | -173658 | - |
| Соның ишинде:<br>1. Узақ мүддетли активлер (130 қатар) | 56717,2 | 15,68 | 45205 | 24,03 | -11512,2 | 8,35 |
| Оннан | 56717,2 | 15,68 | 45205 | 24,03 | -11512,2 | 8,35 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| А) тийкарғы қураллар (қалдық баҳада) (012 қатар) | | | | | | |
| Б) материаллық емес активлер (022 қатар) | - | - | - | - | - | - |
| В) капитал қойылмалар (100 қатар) | - | - | - | - | - | - |
| Г) акциялар, инвестициялар (040-090 қатарлар) | - | - | - | - | - | - |
| 2. Айланыс активлер – жәми (390 қатар) | 305073,8 | 84,32 | 142928 | 75,97 | -162145,8 | -8,35 |
| Оннан<br>А) запас ҳәм кәрежетлер (150+180 қатарлар) | - | - | - | - | - | - |
| Б) пул қаржылары (330+...+360) | 28,3 | 0,01 | 5980 | 3,18 | +5951,7 | 3,17 |
| В) дебитор қарызлары (220+...+310 қатарлар) | 305045,5 | 84,32 | 136948 | 72,79 | -168097,5 | -11,52 |
| Г) басқа айланыс активлер (380 қатар) | - | - | - | - | - | - |

3-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, кәрханада хожалық қаржылары есабат жылы 173658 мың сўмға кемейген яки кемейиў темпи 8,36% ти қурады. Есабат жылы ақырына келип, кәрхана мүлкиниң тийкарғы бөлимин узақ мүддетли активлер 24,03 %, айланыс активлер 75,97%, сондай-ақ дебиторлық қарызлары 72,79% ти қураған. Тийкарғы қураллар есабат жылы ақырына келип 45205 мың сўмды яки барлық хожалық қаржыларының 24,03% ин қураған.

Пул қаржыларының салмағы 3,18% ти қураған. Бул көрсеткиш өткен жылға салыстырғанда жәми активлерде тутқан 0,01%тен бир қанша жақсыланған. Жәми 5951,7 мың сўмға көбейгенлигин көриўге болады.

Анализленип атырған кәрханада мүддети өткен дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызлар жоқ. Булар кәрхана қаржылары системасын жақсылайды ҳәм де финанслық жағдайына унамлы тәсир көрсетиўи мүмкин.

Базар қатнасықлары дәўиринде хожалық жүритиўши субъектлерди экономикалық өз бетинше ҳәмде финанслық турақлы искерлик көрсетиўлеринде оларды дурыс басқарыў, есап-китап жүритиўди базар

экономикасы талапларына сәйкеслендириў, бар материаллық, финанслық ҳәм мийнет байлықларынан нәтийжели пайдаланған ҳалда ислеп шығарыў яки хызмет көрсетиўди шөлкемлестириў, нәтийжеде жоқары пайда алып, мәмлекет бюджети алдындағы мәжбүриятларын өз ўақтында орынлаў резервлерин шөлкемлестириў ең актуал ўазыйпалардан саналады.

Экономикалық кризис шараятында ҳәр түрли мүлк формасындағы кәрханалар искерлигине толық еркинлик берилиўи керек. Жаңаша ис жүритиў алдын ушыраспаған машқалаларды келтирип шығармақта. Соның ишинде, сыртқы ҳәм ишки базардан тәжирийбели клиент ҳәм шерик таңлаў менен бирге олардың финанслық имканиятларын үйрениў зәрүрлигин көрсетеди. Президентимиз И.А.Каримов: «...кәрханалар ҳәм компаниялардың финанслық жағдайының ҳәлсизлиги, олардың қарызлар ҳәм банк кредитлерин қайтарыўға жарамсызлығы менен байланыслы машқалалар ағымдағы жылда экономиканың реал секторына үлкен тәсир көрсетеди» деп айтып өтти[23].

**4-кесте**

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң өз қаржылары дереклериниң қурамлы системасы ҳәм олардың өзгериси**

**(мың сўм)**

| Көрсеткиш | Жыл басына | | Жыл ақырына | | Парқ (+, -) | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Сумма | Салмағы, % | Сумма | Салмағы, % | Сумма | Салмағы, % |
| Устав капиталы | 10023,10 | 10,39 | 10023,10 | 10,51 | - | +0,12 |
| Қосылған капитал | - | - | - | - | - | - |
| Резерв капиталы | 59702,30 | 61,86 | 46763,00 | 49,03 | -12939,30 | -12,83 |
| Сатып алынған жеке акция | - | - | - | - | - | - |

[23]Каримов И.А. «Тийкарғы ўазыйпамыз – Ўатанамыз раўажланыўы ҳәм халқымыз танышлығын және де жетилистириў». Халық сөзи. 30.01.2010. 15 б.

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Бөлистирилмеген пайда | 26780,70 | 27,75 | 38580,70 | 40,46 | +11800,00 | +12,70 |
| Мақсетли түсимлер ҳәм фондлар | - | - | - | - | - | - |
| Келеси қәрежетлер ҳәм төлемлер запаслары | - | - | - | - | - | - |
| Жәми өз қаржыларының дереклери | 96506,10 | 100,00 | 95366,80 | 100,00 | -1139,30 | - |

Жоқарыда 4-кестеде көрсетилгениндей кәрхананың өз қаржылары дереклерин анализлеў алдын-ала бухгалтерия балансы, пассив 1-бөлими тийкарында дәслеп өз қаржылары дерeклериниң қурамлы дүзилисин ҳәм олардың бир жылдағы өзгерисин анықлаўдан басланады.

4-кесте мағлыўматлары, кәрханада өз қаржылары дереклери 1139,3 мың сўмға кемейгенлиги ҳәм жыл ақырында 95366,8 мың сўмды қураганлығын көрсетип турыпты.

Енди, 2-кесте мағлыўматлары тийкарында кәрхананың өз қаржылары дереклериниң ҳәр бир түри бойынша есабат жылындағы өзгерис себеплерин анықлаймыз.

Кәрхананың өз қаржылары дереклериниң жайластырылыўын төмендеги сызылмада көрсетемиз (6-сызылма).




**6-сызылма. Өз қаржылары дереклериниң жайластырылыўы**

Кәрханада устав капиталы есабат жылы 10023,10 мың сӯмды қурап, оның мүлк дереклериндеги салмағы 10,39% ти қураған. Бөлистирилмеген пайда жыл даўамында 11800,0 мың сӯмға көбейген ҳәм есабат жылы ақырына келип 38580,70 мың сӯмды қурады.

Кәрхананың финанслық жағдайының теңсалмақлылығы дегенде, тийкарынан оның өз қаржыларының көлеми қарызға алынған қаржылар көлеминен көп болыўы түсиниледи. Анализ ушын төмендеги кестени усынамыз (5-кесте).

**5-кесте**

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң мүлкиниң қәлиплесиў дереклери ҳәм олардың анализи**

| Баланс пасиви | Жыл басына | | Жыл ақырына | | Парқ (+, -) | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Сумма | Салмағы, % | Сумма | Салмағы, % | Сумма | Салмағы, % |
| Жәми мүлк дереклери | 361791,00 | 100,00 | 188133,00 | 100,00 | -173658,00 | - |
| **1. Өз капиталы** | **96506,10** | **26,67** | **95366,80** | **50,69** | **-1139,30** | **+24,02** |
| Соның ишинде:<br>а) Устав капиталы | 10023,10 | 2,77 | 10023,10 | 5,33 | - | +2,56 |
| б) Қосылған капитал | - | - | - | - | - | - |
| в) Резерв капиталы | 59702,30 | 16,50 | 46763,00 | 24,86 | -12939,30 | +8,35 |
| г) Бөлистирилмеген пайда | - | - | - | - | - | - |
| Д) Мақсетли түсимлер ҳәм фондлар | 26780,70 | 7,40 | 38580,70 | 20,51 | +11800,00 | +13,10 |
| **2. Қарызға алынған капитал** | **265284,90** | **73,33** | **92766,20** | **49,31** | **-172518,70** | **-24,02** |
| Соның ишинде:<br>а) Узақ мүддетли мәжбүриятлар | - | - | - | - | - | - |
| б) Қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар | **265284,90** | **73,33** | **92766,20** | **49,31** | **-172518,70** | **-24,02** |
| В) мүддети өткен | - | - | - | - | - | - |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| кредиторлық қарызлары | | | | | | |

5-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, кәрхананың жәми мүлк дереклери есабат жылы ақырына келип 173658,0 мың сўмға кемейген. Өз қаржыларының дереклери жыл басына 96506,10 мың сўмды қураған, жәми кәрхана мүлкиниң 26,67%ын қураған ҳалда жыл ақырына келип 95366,80 мың сўм жами мүликтин 50,69% ын қураған, яғный абсолют қөрсеткиште 1139,30 мың сўмға кемейген. Кәрхана мүлкиниң тийкарғы бөлимин қарыз қаржыларынан қуралғанлығын көриўге болады. Деген менен, өткен жылда қарыз капиталдың жәми мүликте тутқан үлеси 73,33%ды қураған болса, есабат жылы ақырында 49,31%ға кемейген.

## 3-Бап. Кредит қәбилети (төлем уқыбы) бойынша кәрханаларда есап-анализ жумысларын шөлкемлестириўдиң өзине тән тәреплери

### 3.1. Финанслық турақлылықтың толық көрсеткишлериниң анализи

Мәмлекетимизде жәҳән финанслық-экономикалық кризисиниң тәсирин кемейтиў ҳәм оның ақыбетлерин сапластырыў ушын барлық шәрт-шараятта бар. Бирақ, Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов: «Экономикамыз жықын жыллар ишинде және де турақлы, өзине күшли, жәҳән ҳәм зоналық базарларда бәсекиге шыдамлы болыўы ушын экономикамыздың қурамлы өзгертириў ҳәм диверсификация қылыў бойынша еле көп жумыс ислеў лазымлығын да биз өзимизге жақсы көз алдымызға келтиремиз» деп айтып өтти[24].

Финанслық кризис шараятында кәрхана искерлигин еркин ҳәм ғәрезсиз басқарыў талап етиледи. Енди басқарыў экономикалық аргументлер менен әмелге асырылып, ҳәзирги күнде кәрхананы басқарыўда олардың әҳмийети кескин өзгерди.

Кәрхана финанслық-хожалық искерлигин аңлатыўшы көрсеткишлерден ең әҳмийетлиси оның финанслық турақлылығын аңлатыўшы көрсеткишлер болып табылады. Сол себепли бул көрсеткишлерди анализлеў ҳәзирги күнде әҳмийетли ҳәм актуал есапланады.

Активлер (тийкарғы фондлар, материаллық емес активлер, айланыс қаржылар)ге қойылған қаржыларды өз қаржылары есабына қаплайтуғын, орынсыз дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызларға жол қоймайтуғын ҳәмде өз миннетлемелерына өз ўақтында төлейтуғын кәрхана финанслық турақлы кәрхана болып есапланады.

---

[24] Каримов И.А. «Тийкарғы ўазыйпамыз – Ўатанымыз раўажланыўы ҳәм халқымыз тынышлығын және де жетилистириў». Халық сөзи. 30.01.2010. 20 б.

Финанслық турақлылыққа тийисли көрсеткишлер, оларды есаплаў жоллары ҳәм анализи экономикалық әдебиятларда жетерлише берилген. Россия экономикалық анализ пәниниң көзге көринген ири әрбаплары А.Д.Шеремет, Р.С.Сайфуллин, А.Л.Ли, С.И.Кравченко, В.В.Ковалев ҳәм басқалардың финанслық анализ бойынша басып шығарылган бир қатар сабақлық, оқыў қолланбаларын, илимий мақалаларын айтып өтиў керек. Экономист алымлардың кәрхананың финанслық турақлылығын анализлеўде пайдаланылатуғын көрсеткишлер системасы туўрасында усынислары ҳәр түрли.

А.Д.Шеремет, Р.С.Сайфуллин[25] тәрепинен финанслық анализге бағышлап басып шығарылган "Финанслық анализ методы" оқыў қолланбасында кәрхананың финанслық турақлылығын анализлеў ушын төмендеги көрсеткишлерден пайдаланыўды усыныс қылған:

- өзлик дереклер коэффициенти;
- өзлик ҳәм миннетлемелер қатнасы;
- шаққанлылық коэффициенти;
- ҳәрекетшең ҳәм ҳәрекетсиз қаржылар қатнасы;
- қысқа мүддетли қарызлар коэффициенти;
- запас ҳәм қәрежетлерди қәлиплесиўинде өз бетинше дереклер коэффициенти;
- кредиторлық қарызлар коэффициенти;

А.Ф.Ионова[26] төмендеги финанслық коэффициентлерди усыныс еткен:

- өзлик капиталының жәмленгенлик коэффициенти;
- Узақ мүддетли миннетлемелердиң қурамлы коэффициенти;
- өзлик капиталының шаққанлық коэффициенти;
- қарызларды узақ мүддетке алыў коэффициенти.

---

[25] Шеремет А.Д., Сайфуллин Р.С. " Методика финфнсового анализа". –М. : Юнити..2003 .
[26] Ионова А.Ф., Селезнева А.А. "Финансовый анализ". -М.: Юнити. 2009.

Өзбекистанда да экономикалық анализге ҳәм оның айырым тараўларына бағышланған әдебиятлар, илимий трактатлар баспадан шығарылған. Туўрыдан-туўры кәрханалардың финанслық жағдайына бағышланған жоқары жумыслардан бири Е.А.Акрамов[27] тәрепинен баспадан шығарылған “Кәрханалардың финанслық жағдайының анализи” оқыў қолланбасын айтып өтиў керек. Бул жумыста автор финанслық турақлылықты еки системалы көрсеткишлерге улыўмаластырыўды усынған:

I . Тийкарғы көрсеткишлер:

1) Өзлик қаржыларының дереклери.

2) Өзлик қаржыларының дереклери ҳәм узақ мүддетли пассивлер.

3) Улыўма дереклер – өзлик қаржыларының дереклери, узақ мүддетли ҳәм басқа пассивлер.

II. Қосымша көрсеткишлер:

1) Айланыс қаржылардың өз дереклери менен тәмийнленгенлик коэффициенти.

2) Миннетлеме ҳәм өз дереклер қатнас коэффициенти.

3) Финанслық қарамлық коэффициенти.

4) Өзлик капиталдың шаққанлық коэффициенти.

5) Қаржыландырыў коэффициенти.

6) Капиталды қарызға алыў коэффициенти.

Экономист алым М.Қ.Пардаев, Б.И.Исроилов[28] тәрепинен баспадан шығарылған “Экономикалық анализ” оқыў қолланбасында финанслық турақлылықты аңлатыўшы көрсеткишлер 5 группаға бөлинеди:

1. Жеке қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

2. Шеттен қамтылған қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

3. Хәрекеттеги қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

---

[27] Акрамов Е.А. «Кәрханалардың финанслық жағдайының анализи”. - Т.: финанс. 2003.
[28].Пардаев М.Қ,.Исроилов Б.И. “Экономикалық анализ”. -Т.: “Мехнат”, 2004

4. Айланыс қаржылар менен байланыслы көрсеткишлер.

5. Тийкарғы қураллардан пайдаланыў менен байланыслы көрсеткишлер.

Финанслық анализге бағышланған әдебиятлардан бири И.Т.Абдукаримов[29] тәрепинен баспадан шығарылған "Финанслық есабатты оқыў ҳәм анализлеў жоллары" атлы трактат. Бул трактатта ғәрезсизлик, финанслық турақлылық ҳәм финанслық қарамлық коэффициентлерин финанслық турақлылықтың тийкарғы көрсеткишлери сыпатында усыныс етилген.

Узақ мүддетли перспектива көз-қарасынан кәрхана искерлигиниң теңсалмақлылығы, кәрхана экономикасының сыртқы кредиторлар ҳәм иевесторларға байланыслылық дәрежеси финанслық турақлылық критериясы болып есапланады. Кәрхананың өзиниң сол ўақытқа болған қарызлары менен есап-китап қылыў қәбилетин белгилеўши баланс ликвидлигинен парқлы түрде, финанслық турақлылық – кәрхананың төлемге бәрқулла жарамлылығын кепиллеўши жағдай.

Кәрхананың финанслық турақлылығын анализлеўде оларды белгилеўши көрсеткишлерди есаплап шығыў, оларды бир жыл яки бир неше жыл ушын динамикада салыстырыў, олардың жаманласыў яки жақсыланыў себеплерин анықлаў, финанслық жағдайды жақсылаўға тийисли анық усыныслар ислеп шығыў керек болады.

Финанслық турақлылық коэффициентлериниң әҳмийети тийкарынан кредиторлар ушын әҳмийетли рол пайда етеди, себеби бул коэффициентлер арқалы олар кәрхананың шет ел инвестицияларына қарамлық дәрежесин, финанслық жағдайының турақлылығын, кризис (сыныў) итималын ҳәмде инвестиция сиясатын жүритиў вариантларын анықлайды.

---

[29] Абдукаримов А.Т. "Финанслық есабатты оқыў ҳәм анализлеў жоллары". –Т.: Экономика ҳәм ҳуқық дүньясы. 1999 .

Кәрханалардың финанслық турақлылығын аңлатыўшы көрсеткишлерди анализлеў усылын төмендеги кестеде усынамыз (6-кесте).

**6-кесте**

**Финанслық турақлылық көрсеткишлерин есап-китап усылы ҳәм нормалары[30]**

| Көрсеткишлер | Норма | Анықлаў тәртиби |
|---|---|---|
| 1. Қарызға алынған ҳәм өз қаржыларының қатнасы | <1 | 1-форма.770 қатар / 1-форма.480 қатар |
| 2. Кәрхана жәми мүлкинде тийкарғы ҳәм материаллық айланыс қаржылардың үлеси. | >0.5 | 1-форма 130+140 қатар / 1-форма. 400 қатар |
| 3. Кәрхана жәми мүлкинде тийкарғы қураллардың үлеси | >0.3 | 1-форма. 130 қатар / 1-форма.400 қатар |
| 4. Өз қаржылары менен тәмийинлениўи | >0.1 | 1-форма.480-130 / 1-форма.390 қатар |
| 6. Узақ мүддетли қойылмалар қурамы | >0.1 | 1-форма.570+580 / 1-форма. 130 қатар |
| 7. Қамтып алынған капитал қурамы. | <0.1 | 1-форма.570+580 / 1-форма. 770-қатар |
| 8. Өз капиталының узақ мүддетли миннетлемелерға қатнасы | - | 1-форма.480 / 1-форма. 570+580 қатар |
| 9. Өзиниң капиталының тийкарғы капиталға қатнасы | - | 1-форма.480 қатар / 1-форма. 012+030 |
| 10. Ағымдағы активлердиң қарызға алынған капиталға қатнасы | >1.0 | 1-форма.390 қатар / 1-форма. 770 қатар |
| 11. Узақ мүддетли қарызларды өз капиталына қатнасы | <1.0 | 1-форма.570+580 қатар / 1-форма. 480 қатар |
| 12. Амортизацияны жамғарыў коэффициенти | >0.5 | 1-форма.011+021 қатар / 1-форма. 010+020 қатар |

Енди, кәрхананың әмелий мағлыўматларын қоллаған ҳалда кәрхананың финанслық теңсалмақлылығы көрсеткишлери анализин төмендеги кестеде усынамыз (7-кесте).

Кәрхананың финанслық жақтан беккемлигин ҳәм қамтылған қарыз қаржыларына қарамлық дәрежесин аңлатыўшы көрсеткиш – қарызға алынған ҳәм өз қаржыларының коэффициенти болып есапланады.

[30] Пардаев М.Қ,.Исроилов Б.И. “Экономикалық анализ”. -Т.: “Мехнат”, 2004

7-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, егер жыл басына «ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң өз қаржыларының хәр сўмына 2,75 сўм қарызға алынған қаржылар туўра келген болса, жыл ақырына келип 0,97 сўмды қурады. Демек, кәрхананың қарыз қаржыларына қарамлығы кемейген. Бундай жағдай оның финанслық жағдайының турақлылық дәрежесин азлы-кем жақсылайды. Бул коэффициенттиң мәниси есабат жылы басында 1 ден үлкенлигин айтып өтиў керек, яғный нормадан хәдден тыс жоқары болған. Жыл ақырына келип кәрханада аҳўал жақсыланған. Өз қаржылары жетерлилиги нормада екенлигин көриўге болады.

**7-кесте**

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң финанслық турақлылық көрсеткишлериниң анализи**

| № | Коэффициентлер | Норма | 2014-жыл басына | 2015-жыл басына | Өзгерис (+,-) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Қарызға алынған хәм өз қаржыларының қатнасы | <1 | 2,75 | 0,97 | -1,78 |
| 2. | Кәрхана жәми мүлкинде тийкарғы хәм материаллық айланыс қаржылардың үлеси. | >0.5 | 0,16 | 0,24 | +0,08 |
| 3. | Кәрхана жәми мүлкинде тийкарғы қураллардың үлеси | >0.3 | 0,16 | 0,24 | +0,08 |
| 4. | Өз қаржылары менен тәмийинлениўи | >0.1 | 0,13 | 0,67 | +0,54 |
| 5. | Узақ мүддетли қойылмалар қурамы | >0.1 | - | - | - |
| 6. | Қамтылған капитал қурамы. | <0.1 | - | - | - |
| 7. | Өз капиталының узақ мүддетли миннетлемелерге қатнасы | - | - | - | - |
| 8. | Өзиниң капиталының тийкарғы капиталға қатнасы | - | 1,70 | 2,11 | +0,41 |
| 9. | Ағымдағы активлердиң | >1.0 | 1,15 | 1,54 | +0,39 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | қарызға алынған капиталға қатнасы | | | | |
| 10. | Узақ мүддетли қарызлардың өз капиталына қатнасы | <1.0 | 0,33 | 0,23 | -0,11 |
| 11. | Амортизацияны жамғарыў коэффициенти | >0.5 | 2,75 | 0,97 | -1,78 |

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң** жәми мүлкинде тийкарғы қураллардың ҳәм айланыс қаржыларының үлеси есабат жылы басында 0,16 ди қураған болса, жыл ақырына келип 0,24 ни қурап, 0,08 ге көбейген. Тийкарғы ҳәм айланыс қаржылардың кәрхана мүлкинде тутқан салмағы исбилерменлик пенен кәрхана қаржыларынан пайдаланыў дәрежесин көрсетеди. Бул коэффициенттиң мәниси 0,5 тен кем болмаўы керек. Демек кәрханада айланыс қаржыларының үлеси бир қанша өткен жылға салыстырған жақсыланған, деген менен нормадан бир қанша төмен.

Өз айланыс қаржылары менен тәмийинлениў коэффициенти 0,1 ден жоқары болыўы керек. Кәрханада бул коэффициент есабат жылында нормадан жоқары, яғный жыл баснда 0,13, ал жыл ақырында 0,67 коэффициентти қурады. Бул кәрхананың айланыс қаржылары менен тамийнлениўи жақсыланғанлығынан дәрек береди.

Өз капиталының тийкарғы капиталға қатнас коэффициенти есабат жылы басында 1,7 ке , жыл ақырында болса 2,11ге тең болған. Демек өз капиталы салмағында тийкарғы капитал леси артқанлығын көриўге болады.

Демек, анализ нәтийжелеринен кәрхананың финанслық теңсалмақлылығы жақсы аҳўалда емес екеннлигин көриўге болады. Кәрхана финанслық турақлылығын тәмийинлеў бойынша төмендеги әмелий усынысларды бериў мүмкин.

Кәрхана финанслық турақлылығын тәмийинлеў ушын жеке капиталдың көбейиўи, оннан нәтийжели пайдаланыў керек. Кәрхана жеке капиталының көбейиўи биринши мәрте шөлкемлестириўшилер есабынан

қуралған Устав фонды арқалы тәмийнленсе, кейиншелли кәрхана искерлиги даўамында алынған пайдадан ажыратпалар есабына көбейтип барыў мүмкин. Сол себепли жеке капиталды көбейтиў ушын, алдын-ала, кәрхана пайдасын көбейтип барыў мүмкин. Кәрхананың пайдасы ҳәр қандай хожалық искерлигиниң нәтийжеси болып қалмастан, ал нәтийжели искерлик нәтийжеси болып табылады.

Кәрханалардың жүдә көп қәрежетин банклардан алынған қарыз ушын төленетуғын пайыз ҳәм транспорт қәрежети қурайды. Сол себепли кәрхана имканы барынша айланыстағы қаржыларда өз қаржыларының үлесин көбейтиўи ҳәм жуўмағында барлық айланыс қаржыларын өзиниң есабынан қаплаўы керек. Тийкарғы қуралларды қәлиплестириўде оның үлесинде актив бөлимин көбейтиў ҳәм физикалық мийнетти жеңиллестириўши үскенелерди сатып алыў мақсетке муўапық. Егер кәрхананың транспорты болса, ол тек кәрхана зыянын кемейтип ғана қалмастан, ал пайда алыўды да тәмийинлеўи мүмкин. Сол себепли финанслық турақлылықты баҳалағанда тийкарғы қураллар менен байланыслы болған көрсеткишлерден пайдаланылады.

Ислеп шығарыў технологиясы тез өзгерип атырған, пән-техника раўажланыўы жеделлесип атырған пайтта тийкарғы қуралларды тезлик пенен жаңаланыўды талап етеди. Бул болса оның амортизациясы нормасын көбейтиўди талап етеди. Солай екен, тийкарғы қуралларның да жаңаланыўы, алдыңғы технологияны үзликсиз түрде ен жайдырыўды тәмийинлеў ис илажлары ислеп шығылыўы керек.

Финанслық турақлылықты тәмийинлеўдиң тийкарғы жолларынан бири кәрхана дебитор қарызларын көбейттирмеў илажын көриў болып есапланады. Ҳәзирги ўақытта жүдә көп фирмалар ҳәм кәрханалар финанслық жақтан турақлы емес. Бундай субъектлер менен экономикалық қатнасықта болыў ықтыятлылықты талап етеди. Оларға товар бериў, пул өткериў ҳәрекеттеги қаржыны өли қаржыға айландырыў менен тең. Сол

себепли бундай хожалық операцияларын ислеўден алдын шерик субъектлердиң финанс-хожалық искерлигин де терең үйрениўди талап етеди.

Финанслық турақлылықты тәмийинлеўде шеттен қамтылған қаржылар, банк кредитиниң де орны үлкен. Кәрхананың финанслық потенциалы қурамында шеттен қамтылған қаржылар үлеси кемейип барыўы керек. Банк кредитиниң пайызы жоқары болып турған ҳәзирги шараятта ҳәр бир кәрхана имканы барынша оннан аз пайдаланыўы мақсетке муўапық. Жумыс турақласып, ислеп шығарыў искерлиги бир нормаға түскен ўақытта ғана банк кредитинен пайдаланыў белгили дәрежеде жақсы нәтийже бериўи мүмкин. Сол себепли финанслық турақлылықты тәмийинлеў ушын банк кредитинен пайдаланыў ўақтын, оның көлемин де билиўди талап етеди.

Финанслық-экономикалық кризис шараятында, кәрхананың финанслық қарам болып қалыўына жол қоймаў керек. Бул жағдай еркин бәсеки шараятында және де әҳмийетли. Сол себепли кәрхана басшылары кәрхананы финанслық қарамлықтан сақлаў арқалы оның турақлылығын тәмийинлеў ис илажларын көриўи мақсетке муўапық. Жуўмақластырып соны айтыў керек, кәрхананың финанслық турақлылығын тәмийинлеў бул – бир жақлама яки мәўсимли жумыс емес. Ол бәрқулла әмелге асырылыўы керек болған кең қамраўлы, көп қырлы жумыс болып табылады.

Финанслық турақлылықты толық көрсеткишлер қатнасында анализлеў ушын запас ҳәм қәрежетлерди оны қаплаў дереклери менен салыстырыў керек. Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаў дереклериниң жағдайы ушын дереклер бухгалтерия балансының актив ҳәм пассив бөлимлеринен алынады. Қаплаў дереклери қурамына өз айланыс қаржылары (ӨАҚ), узақ мүддетли кредит ҳәм қарызлар (УК), қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар (ҚК) киреди.

1. Өз айланыс қаржылары (ӨАҚ) – өз капиталы менен узақ мүддетли активлер (УМА)ди салыстырыў арқалы пайда болады.

ӨАҚ =ӨҚД –УМА

бунда ӨҚД – өз қаржыларының дереги (өз капиталы).

2. Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўға өз айланыс қаржылары ҳәм узақ мүддетли кредит ҳәм қарызлар (ЎУ)

ЎУ=ӨАҚ+УК

Бунда: УК – узақ мүддетли кредит ҳәм қарызлар.

3. Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўға жәми тийкарғы дереклер (ЖД)

ЖД=ЎУ+ҚК

Бунда: ҚК – қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар.

8-кесте.

**Финанслық турақлылықтың типлери**

| **Мумкин болған вариантлары (N)** | Δ ӨАҚ | Δ ЎУ | Δ ЖД | **Финанслық турақлылық категориялары** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | + | + | + | Толық турақлы |
| 2 | - | + | + | Нормал турақлы |
| 3 | - | - | + | Турақлы емес |
| 4 | - | - | - | Кризис жағдай |

Финанслық турақлылықтың төрт категориясы төмендегише анықланады:

1. Толық финанслық турақлылық:

$\Delta$ ӨАҚ $\geq 0$

$\Delta$ ЎУ $\geq 0$

$\Delta$ ЖД $\geq 0$

$S = (1,1,1)$

2. Финанслық жағдай нормал дәрежеде:

$\Delta$ ӨАҚ $\leq 0$

$\Delta$ ЎУ $\geq 0$

$\Delta$ ЖД ≥ 0

S = (0,1,1)

3. Финанслық жағдай турақлы емес:

$\Delta$ ӨАҚ ≤ 0

$\Delta$ ЎУ ≤ 0

$\Delta$ ЖД ≥ 0

S = (0,0,1)

4. Кризис жағдайы:

$\Delta$ ӨАҚ ≤ 0

$\Delta$ ЎУ ≤ 0

$\Delta$ ЖД ≤ 0

S = (0,0,0)

Финанслық жағдайдың қолайсызлығын пәсейтиў, оннан шығыў ушын төмендеги дереклерди қамтыў мүмкин.

– артықша пул қаржылары;

– шеттен қамтылған дереклер;

– банктен алынған кредит;

– басқа дереклер

9-кесте.

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң финанслық турақлылығының анализи**

| Т | Көрсеткишлер | Шәртли белги | Жыл басы | Жыл ақыры |
|---|---|---|---|---|
| № | А | 1 | 2 | 3 |
| 1. | Өз қаржыларының дереги | ӨҚД | 96506,1 | 95366,8 |
| 2. | Узақ мүддетли активлер | УМА | 56717,2 | 45205,0 |
| 3. | Өз айланыс қаржыларының бар суммасы (1 қатар -2 қатар) | ӨАҚ | 39788,9 | 50162 |
| 4. | Узақ мүддетли кредит ҳәм қарызлар | УК | - | - |
| 5. | Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўға тийисли өз айланыс қаржылары ҳәм узақ мүддетли | ЎУ | 39788,9 | 50162 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | қарыз қаржылары (3 қатар + 4 қатар) | | | |
| 6. | Қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар | ҚК | 265284,9 | 92766,2 |
| 7. | Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўдың жәми дереклери (5 қатар+6 қатар) | ЖД | 305073,8 | 142928,2 |
| 8 | Запас ҳәм қәрежетлер | З | - | - |
| 9. | Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўға өз айланыс қаржыларының артықша (+) яки жетиспеўшилиги (-), (3 қатар – 8 қатар) | Δ ӨҚД | +39788,9 | +50162 |
| 10. | Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўға өз айланыс ҳәм узақ мүддетли кредит ҳәм қарыз қаржыларының артықша (+) яки жетиспеўшилиги (-) (5 қатар – 8 қатар) | Δ ЎУ | +39788,9 | +50162 |
| 11. | Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаўға жәми дереклердиң артықша (+) яки жетиспеўшилиги (-) (7 қатар -8 қатар) | Δ ЖД | +305073,8 | +142928,2 |

Есабат дәўиринде кәрхананың финанслық жағдайы турақлылыққа ийе. Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаў ушын жәми дереклердиң жетиспеўшилиги жыл басында 305073,8 мың сўмды, жыл ақырына келип 142928,2 мың сўмды қураған. Демек, кәрхана финанслық турақлылығы өткен есабат жылына салыстырғанда бир қанша төменлеген, деген менен кәрхана нормативке муўапық толық финанслық турақлылыққа ийе. Кәрхананың көрсеткишлерин төмендеги 1-диаграммада көриў мүмкин:




1-диаграммадан соны көриўге болады жыл ақырына келип өз қаржы дереклери азлы-кем кемейген. Узақ мүддетли активлер кемейгенлигин, лекин қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлары кемейгенлиги көринип турыпты.

## 3.2. Ликвидлик көрсеткишлерин анализлеў усыллары

Ҳәзирги шараятта финанслық турақлылықты анализлеўде салыстырмалы көрсеткишлер ең әҳмийетли болып табылады. Базар қатнаслары шараятында инфляция дәрежесиниң кәрхана есабат мағлыўматларына болған тәсири салыстырмалы көрсеткишлер (коэффициент, индекс, пайыз)лерде бираз қысқарады. Финанслық турақлылықты баҳалаўда көрсеткишлер жыйындысынан емес, ал системасынан пайдаланыў усынылады.

Көрсеткишлер системасының шәртлери:

- бир-бирине қарсы болмаслық;
- бир-бирин тәкирарламаслық;
- кәрхана искерлигинде дақ қалдырмаслық;

- кәрхана искерлигиниң ең әҳмийетли тәреплериниң сәўлелендирилиўи.

10-кесте.

**Кәрхана финанслық турақлылығын баҳалаў көрсеткишлериниң системасы**

| Т № | Көрсеткишлер | Есаплаў формуласы | Түсиндирме |
|---|---|---|---|
| | А | 1 | 2 |
| | **1-топар. Төлем уқыплылығы көрсеткишлери** | | |
| 1. | Толық ликвидлик коэффициенти | Пул қаржылары + қымбат баҳалы қағазлар.<br>Қысқа мүддетли миннетлемелер | Ағымдағы миннетлемелердиң ликвидлиги жоқары активлер менен қапланыўы |
| 2. | Тез ликвидлик коэффициенти | Пул қар- қысқа муд. Деб. қаржылар + инвес-я + қарыз<br>Қысқа мүддетли миннетлемелер | Дебиторлық қарызларды өндирген ҳалда прогноздағы Төлем уқыплылығы |
| 3. | Ағымдағы ликвидлик коэффициенти | Ағымдағы активлер<br>Қысқа мүддетли миннетлемелер | Ағымдағы миннетлемелердиң Айланыс қаржылары менен қапланыўы |
| 4. | Сап Айланыс активлер | Айланыс активлери – қысқа мүддетли миннетлемелер | Өз капиталы менен қәлиплескен Айланыс қаржылар муғдарын аңлатады |
| **2-топар. Капитал структурасының көрсеткишлери** | | | |
| 5. | Автономия коэффициенти | Өз капиталы<br>Баланс активи | Жәми активтеги өз қаржыларының үлесин аңлатады |
| 6. | Турақлы активлер коэффициенти | Өз капиталы + узақ мүддетли миннетлемелер<br>Баланс активи | Турақлы пассивлер есабынан қаржыландырылатуғын активлер үлесин аңлатады |
| 7. | Қарыз ҳәм өз капиталының | қарыз капиталы | Шеттен қамтылған қаржылар менен өз |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | қатнас коэффициенти | Өз капиталы | ресурсларының қатнасын аңлатады |
| 8. | Қаржыландырыў коэффициенти | Өз капиталы<br>Қарыз капиталы | Қарыз капиталының қанша бөлеги өз капиталы менен қапланады? |
| 9. | Сап активлер | Есаплаўда қатнасатуғын активлер – есаплаўда қатнасатуғын пассивлер | Өз капиталының бар муғдары ҳәм олар менен тәмийнлениўи |
| 10. | Запасларды қаплаўдағы қаржылар перегиниң артықша (жетиспеўшилиги) | Қаржылар дерегиниң муғдары – запас муғдары | Запаслардың айырым түрдеги дереклер менен қапланыўы |
| **3-топар. Тийкарғы қураллар ҳәм айланыс қаржылар жағдайын аңлатыўшы көрсеткишлер** | | | |
| 11. | Айланыс активлериниң өз қаржылары менен қапланыў коэффициенти | Өз айланыс қаржылары<br>Айланыс активлери | Айланыс активлериниң өз айланыс қаржылары менен қапланыўдағы үлеси |
| 12. | Запаслардың өз қаржылары менен қапланыў коэффициенти | Өз айланыс қаржылары<br>Запаслар | Запастың қапланыўындағы өз капиталының үлесин аңлатады |
| 13. | Өз капиталының ҳәрекетшеңлик коэффициенти | Өз айланыс қаржылары<br>Өз капиталы | Өз капиталындағы өз айланыс қаржыларының үлесин аңлатады |
| 14. | Айланыс активлериниң узақ мүддетли активлерге қатнас коэффициенти | Айланыс активлери<br>Узақ мүддетли активлер | Узақ мүддетли активлердиң ҳәр сўмына туўра келетуғын Айланыс активлерин аңлатады |

Кәрханаларды реформалаў ҳәм базар қатнаслары шараятында экономикалық өсиўдиң зәрүрлиги себепли хожалық субъектлериниң ликвидлиги, Төлем уқыплылығы ҳәм базар активлигин анализлеў үлкен әҳмийетке ийе.

Кәрхана балансы активиндеги статьялардың пулға айланыўы актив ликвидлиги, Төлем уқыплылығы (төлем қәбилети) болса мүддетинде ҳәм толық көлемде қарызлардың қайтарылыўын аңлатады.

Төлем уқыплылығытың зәрүр ҳәм әҳмийетли шәрти ликвидлик болып табылады.

“Төлем уқыплылығы” сөзи кең мәнисти аңлатады, себеби ол активтеги статьяларды тез пулға айланыўынан тасқары, саўда, кредит ҳәм басқа пул айланыслары менен байланыслы миннетлемелерди мүддетинде ҳәм толық көлемде орынлай алыў қәбилетин де аңлатады.

Соның менен бирге, Төлем уқыплылығы финанслық турақлылықтың сыртқы көриниси де болады.

Базар қатнаслары шараятында кәрханалардың еркин искерлик жүритиўинде банкротлық жағдайына түсиў ҳәм сыныў қәўпинен сақланыў мақсетинде баланс ликвидлигиниң анализи нәтийжелеринен пайдаланылады. Анализлеў ушын баланс активиндеги затлардың пулға айланыў мүддети пассивиндеги затлардың қарызды үзиў мүддетлери менен салыстырылады. Бундай салысытырыў нәтийжесине көре баланс активиндеги затлардың сатыўынан келген түсими кәрхана қарызлары (миннетлемелеры)н үзиўи ушын жетерли болса, баланс ликвидликке ийе деп есапланады.

Баланс ликвидлигин анализлеў ушын оның активиндеги затлар пулға айланыў мүддетлери, пассивиндеги затлар қарызларды үзиў мүддетлери бойынша төмендеги топарларға ажыратылады.

11-кесте.

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң баланс ликвидлиги көрсеткишлери**

| Шәртли белги | Баланстың актив ҳәм пассив бөлимлери | Толық муғдар, мың сўм | Өзгериси (+,-) |
|---|---|---|---|

| | | 2014-жыл басы | 2015-жыл басы | |
|---|---|---|---|---|
| $A_1$ | **Актив**<br>Турақлы ҳәрекеттеги активлер:<br>– пул қаржылары;<br>– қысқа мүддетли инвестициялар. | 028,3 | 5,980 | +5,95 |
| $A_2$ | Тез сатылыўшы активлер:<br>– дебиторлық қарызлар (мүддети өткеннен тасқары);<br>– басқа ағымдағы активлер. | 305,04 | 136,95 | -168,1 |
| $A_3$ | Әсте сатылыўшы активлер:<br>– запас ҳәм қәрежетлер<br>– узақ мүддетли инвестициялар<br>–сыңар хожалық жәмийетлериндеги акциялар ҳәм оларға берилген қарызлар<br>–қараслы хожалық жәмийетлериндеги акциялар ҳәм берилген қарызлар, басқа қарызлар | - | - | - |
| $A_4$ | Қыйын сатылатуғын активлер:<br>–тийкарғы қураллар<br>– мүддети өткен дебиторлық қарызлар | 56,72 | 45,21 | -11,51 |
| $П_1$ | **Пассив**<br>Жүдә тез мүддетли миннетлемелер:<br>– кредиторлық қарызлар. | 265,28 | 92,77 | -172,52 |
| $П_2$ | Қысқа мүддетли миннетлемелер:<br>– қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар. | 30,0 | 32,0 | +2 |
| $П_3$ | Узақ мүддетли миннетлемелер<br>– узақ мүддетли кредит ҳәм қарызлар. | - | - | - |
| $П_4$ | Өз капиталы<br>– өз қаржыларының дереги. | 96,51 | 95,37 | -1,14 |

Баланс толық ликвидликке ийе болыўы ушын көрсеткишлер төмендеги көриниске ийе болыўы керек. $A_1 \geq П_1$, $A_2 \geq П_2$, $A_3 \geq П_3$, $A_4 \leq П_4$ Жоқарыда келтирилген

шәртлерден үшеўи орынланса, $A_1 \geq П_1, A_2 \geq П_2, A_3 \geq П_3$ кәрхананың ағымдағы активлери оның сыртқы миннетлемелерынан жоқарылығын аңлатады. Бунда, әлбетте, $A_4 \leq П_4$, яғный өз қаржыларының дереги узақ мүддетли активлерден үлкен болады.

12-кесте.

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң баланс ликвидлиги анализи**

| Актив | Сумма, млн.сўм | | Тутқан үлеси, % | | Пассив | Сумма, млн. сўм | | Тутқан үлеси, % | | Төлем дереклериниң артықша (+), жетиспеўшилиги (-) | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | жыл басы | жыл ақыры | жыл басы | жыл ақыры | | жыл басы | жыл ақыры | жыл басы | жыл ақыры | жыл басы | жыл ақыры |
| $A_1$ | 28,30 | 5,98 | 7,26 | 3,18 | $П_1$ | 263,55 | 92,77 | 67,57 | 49,31 | +235,25 | +86,79 |
| $A_2$ | 305,04 | 136,95 | 78,20 | 72,79 | $П_2$ | 30,00 | 32,00 | 7,69 | 17,01 | -275,04 | -104,95 |
| $A_3$ | - | - | - | - | $П_3$ | - | - | - | - | - | - |
| $A_4$ | 56,72 | 45,21 | 14,54 | 24,03 | $П_4$ | 96,51 | 95,37 | 24,74 | 50,69 | +39,79 | +50,16 |
| Баланс | 390,06 | 188,14 | 100,00 | 100,00 | Баланс | 390,06 | 188,14 | 100,00 | 100,00 | - | - |

12-кесте мағлыўматлары тийкарында жуўмақ шығарыў мүмкин, баланс толық ликвидликке ийе емес. Жүдә тез мүддетли миннетлемелер (кредиторлық қарызлар)ды қаплаў ушын пул қаржыларының жетиспеўшилиги хәмде тез пулға айланатуғын активлериниң қысқа мүддетли кредит хәм қарызларды үзиў ушын артықмашылығы жыл басында $A_1$-$П_1$=+235,25 млн. сўм, $A_2$-$П_2$=-104,95 млн. сўмды қураған. Жоқарыда келтирилген формуланың қалған еки көрсеткиши келесидеги түсим есесине финанслық ресурсларға болған талап қандырылыўын аңлатады.

$A_3$-$П_3$=0 сўм.

$П_4$-$A_4$=+39,79 млн.сўм.

Есабат дәўиринде ликвидликтиң толық көрсеткишлеринде сапа жақтан өзгериў жүз берген хәм жыл ақырына келип норма дәрежесине

шекем көтерилген. Кәрхана балансының актив ҳәм пассив топарлары қурамында айтарлықтай өзгерислер жүз бермеген. Ликвидлиги жоқары активлер ($А_1$) үлеси 7,26% дан жыл ақырына келип тутқан үлеси 3,18ди қураған. Бул болса тез арада үзидиўи лазым болган қарызларды төлей алыў қыйын екенлигин билдиреди. Тығыз кредиторлық қарызлар ($П_1$)дың жыл басында 67,57%ды қураған болса, жыл ақырына келип 49,31% ды қурағанлығын улыўма жағдайды онша өзгериске алып келмеген ҳәм пассивиндеги $А_1$ ҳәм $П_1$ үлеслериниң бир-биринен кескин парқланыўына алып келмеген:

$А_1$-$П_1$=3,18-49,31=-46,13%

Тез пулға айланатуғын активлер ($А_2$) үлесиниң 8,40%ке (қысқа мүддетли миннетлемелер үлеси қысқарған ҳалда) артыўы себепли $А_2$ ҳәм $П_2$лар қурамы структурасының турақласыўына алып келген: $А_2$-$П_2$=72,79-17,01=+55,78%. Бундай өзгериўлар кәрхананың ағымдағы ликвидлик ҳәм Төлем уқыплылығы көрсеткишлериниң жыл ақырына келип бираз көтерилгенлигин көрсетеди.

Узақ мүддетли миннетлемелер ($П_3$) үлеси кәрхана есаплық мағлыўматларында жоқ. Соған байланыслы 6-айдан бир 1 жылға шекемги төлениўи керек болған қарызлар есабат дәўиринде жоқ екенлдигин аңлатады.

Төмендеги 13-кестеде норма менен салыстырма анализ өткеремиз.

Бу көрсеткиш кәрхананың ликвидлик дәрежеси келешекте бираз жоқары болыўын, яғный кейинги жылларда төлем қәбилети тиклениўин аңлатады. Өткерилген анализ нәтийжелери соны көрсетеди, есабат дәўиринде кәрхананың толық ликвидлик көрсеткишлери жақсыланған.

13-кесте

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң ликвидлик көрсеткишлери нормалары менен салыстырылыўы**

| Көрсетки | Жыл басы | Жыл басы | Көрсет | Жыл басы | Жыл басы | Жыл басына түсиндирме | Жыл ақырына түсиндирме |
|---|---|---|---|---|---|---|---|

| шлер | | | кишлер | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| $A_1 < П_1$ | 28,30 | 263,55 | $A_1 < П_1$ | 5,98 | 92,77 | 2 айға шекемги қарызларды төлей алмайды | 2 айға шекемги қарызларды төлей алмайды |
| $A_2 > П_2$ | 305,04 | 30,00 | $A_2 > П_2$ | 136,95 | 32,00 | 2-6 айға шекемги қарызларды төлей алады | 2-6 айға шекемги қарызларды төлей алады |
| $A_3 = П_3$ | - | - | $A_3 = П_3$ | - | - | 1 жылға шекмги қарызы жоқ | 1 жылға шекмги қарызы жоқ |
| $A_4 < П_4$ | 56,72 | 96,51 | $A_4 < П_4$ | 45,21 | 95,37 | 1 жылдан артық болған қарызын төлей алады | 1 жылдан артық болған қарызын төлей алады |

Жыл ақырына келип кәрхана ағымдағы миннетлемелеринен қутылып, финанслық жағдайын бираз жақсылаған. Соның менен бирге қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар да жыл ақырына келип бираз артқан. Толық көрсеткишлерге қарата кәрхана ликвидлигин баҳалаўда төмендеги салыстырмалы көрсеткишлер анық аңлатады:

– толық ликвидлик коэффициенти;

– аралықты қаплаў ликвидлик коэффициенти;

– ағымдағы ликвидлик коэффициенти.

14-кесте.

**Кәрхана ликвидлиги ҳәм төлем қәбилетин баҳалаўдағы финанслық коэффициентлер**

| **Көрсет-кишлер** | **Экономикалық мазмуны** | **Есаплаў формуласы** | **Усынылатуғын норма ҳәм оның әҳмийети** |
|---|---|---|---|
| Ағымдағы ликвидлик коэффициенти | Жами қысқа мүддетли миннетлемелердиң канша бөлеги айланыс активлери менен қапланыўын аңлатады | Айланыс активлери/ Қысқа мүддетли миннетлемелер | 1ден 2 ге шекем, төменги шегарасы қысқа мүддетли миннетлемелерди қаплаўға Айланыс қаржылары жетерли болыўы керек. Шегараның 2 ден жоқары болыўы мақсетке муўапық емес, себеби қаржылар рационал емес жайласқан, олардан нәтийжесиз пайдаланылғанлықты аңлатады |
| Аралықты | Дебиторлық | | 0,5 тен 1 ге шекем, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| қаплаў ликвидлик коэффициенти | қарызларын өндириў есабына кәрхананың жарамлылық келешегин аңлатады | (Пул қаржылары+ Қысқа мүддетли инвеститция+Дебиторлық қарызлар)/ Қысқа мүддетли миннетлемелер | төменги шегарасы турақлы түрде дебиторларды қадағалап турыўды, айланыс қаржылардың бир бөлегин зат жеткерип бериўшилер менен есапласыўға жетерли болыўын тәмийнлеўи зәрүр |
| Толық ликвидлик коэффициенти | Қысқа мүддетли миннетлемелердиң қанша бөлеги бар пул қаржылары ҳәм қысқа мүддетли инвестициялар менен қапланыўын аңлатады | (Пул қаржылары + Қысқа мүддетли инвестициялар)/ Қысқа мүддетли миннетлемелер | 0,2 ден 0,5 ке шекем, төменги шегарасы кәрхана төлем қәбилети пәсейгенлигин аңлатады |

15-кесте.

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң ликвидлик көрсеткишлерин есаплаў тәртиби**

| Көрсеткишлер | Бухгалтерия балансы мағлыўматлары тийкарында есаплаў тәртиби | | Есаплаўдағы нәтийжениң усынылған нормадан парқланыўы | | Өсиў темпи, коэффициентте |
|---|---|---|---|---|---|
| | жыл басы | жыл ақыры | жыл басы | жыл ақыры | |
| Ағымдағы ликвидлик коэффициенти | 1,15 | 1,54 | Усынылатуғын нормаларға сәйкес келеди 1<1,15<2 | Усынылатуғын нормаларға сәйкес келеди 1<1,54<2 | +0,3907 |
| Аралықты қаплаў ликвидлик коэффициенти | 1,15 | 1,54 | Усынылатуғын нормалардан үлкен 1,15> 0,5, 1 | Усынылатуғын нормалардан үлкен 1,54>1 | +0,3906 |
| Толық ликвидлик коэффици- | 0,0001 | 0,065 | Усынылатуғын нормаларда | Усынылатуғын нормалардан | +0,0644 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| енти | | | н киши<br>0,0001<0,2 | киши<br>0,065<0,2 | |
| Комплекс көрсеткишти есаплаў тәртиби | – | – | – | – | $K_j = \sqrt[n]{\Pi^n ti}$<br>i=1 |
| Комплекс ликвидлик көрсет-киши | – | – | – | – | $\sqrt[3]{0,0644} =$<br>0,62498 |

Толық ликвидлик коэффициенти төлем қәбилетиниң қатаң нормасы қысқа мүддетли миннетлемелердиң дәрҳал бар пул қаржылары менен қапланыўы болып есапланады. Бул көрсеткиш қанша жоқары болса, қарызды үзиў кепиллиги сонша жоқары болады. Аз муғдардағы қаржыға ийе болып, пул қаржыларының кириси ҳәм шығысын мүддети ҳәм муғдарын қадағалаў арқалы баланс ликвидлигин тәмийнлеген ҳалда кәрхана турақлы түрде төлемге жарамлы болыўы мүмкин. Толық ликвидлик коэффициентиниң, яғный пул қаржылары ҳәм қысқа мүддетли инвестицияларды қысқа мүддетли миннетлемелерди қаплаўдың жыл басы ҳәм жыл ақырындағы нәтийжелери бираз усынылған нормаларға жақын.

Аралықты қаплаў ликвидлик коэффициенти ағымдағы қарызлардың қанша бөлеги (запасларсыз) дебиторлық қарызларды толық өндирилген ҳалда қаплай алыўын аңлатады. Бул көрсеткиш дәрежеси 0,5 тен 1,0 ке шекем ҳәм оннан жоқары болыўы кәрхананың искерлик түри, ағымдағы активлериниң структурасы ҳәм дебиторлық қарызлардың сыпаты ҳәм басқа финанслық көрсеткишлердиң қатнасына: сатыў көлеми менен айланыс қаржылар, сатыў көлеми ҳәм дебиторлық қарызлар, Айланыс активлери ҳәм қысқа мүддетли миннетлемелерға байланыслы. Дебиторлық қарызларды жоқары көлемде ҳәм жәми қаржыларда салмақлы үлеске ийе болыўы кәрхананың төлемге жарамлылығының әмелде пәсейиўине алып келеди. Ликвидликти анализлеўде дебиторлық қарызлардың муғдары ҳәм сыпатына үлкен итибар қаратылады, себеби оларды төлем дереклерине айланыўы

ушын кететуғын ўақыт узақ мүддетти қурайды, инфляция себепли және қосымша жоғалтыўларға дус келеди. Бизиң мысалымызда аралықты қаплаў ликвидлик коэффициенти жыл басы ҳәм жыл ақырында усынылған нормадан киши.

Бирақ кәрхана администрациясы дебиторлық қарызлар менен ислеўди активлестирип, бул формадағы Айланыс қаржыларды пул формасында айланысқа киритилиўин тезлестириў арқалы зат жеткерип бериўшилер менен болатуғын есапласыўды әмелге асырыў имканиятына ийе болады.

*Ағымдағы ликвидлик (қаплаў) коэффициенти* яки улыўма қаплаў коэффициенти:

– ағымдағы қарызлардың қанша бөлеги ағымдағы активлер менен қапланыўын;

– ағымдағы миннетлемелердиң ҳәр сўмына неше сўмлық ағымдағы активлер (айланыс қаржылар) муғдары туўра келиўин;

– ағымдағы миннетлемелерди жәми айланыс қаржылары менен қапланыў дәрежесин аңлатады.

Ағымдағы ликвидлик коэффициенти кәрхананың шығарған акциялары ҳәм облигацияларын сатып алған субъект ҳәм физикалық шахслар ушын әҳмийетли көрсеткиш болып есапланады. Акциядан алынатуғын дивидендлер муғдары, облигациялардан пайызлар ағымдағы ликвидлик коэффициенти дәрежесине байланыслы. Ағымдағы активлерди қысқа мүддетли миннетлемелерға карата жоқары болыўы резерв запасын пайда етеди. Резерв запасы кәрхана зыян көргенде қаплаўға сарпланады. Бул көрсеткиштиң қаншелли жоқары болыўы кредиторларда қарызды үзиўге болған исенимин тәмийнлейди.

Ағымдағы ликвидлик коэффициентиниң норма көрсеткиши 1 ден 2 ге шекем болып есапланады. Бирақ барлық тармақлар ушын жалғыз норма белгилениўи мақсетке муўапық емес. Себеби бул көрсеткиш дәрежеси кәрхананың искерлик түри, оның дүзилиси ҳәм баланс активиниң сыпаты,

операцион процесстиң даўамлылығы, кредиторлық қарызлардың қапланыў мүддетлери ҳәм т.б. ларға байланыслы. Ағымдағы ликвидлик коэффициенти дәрежесиниң есап-китабына көре ликвидлик жыл басы ҳәм жыл ақырында норма дәрежесинде, оның өсиў темпи 0,39 коэффициентти қураған.

Бирақ ағымдағы ликвидлик коэффициентиниң дәрежеси көп жақтан запаслардың қуралыў дереклери узақ мүддетли миннетлеме ҳәм кәрхананың өз капиталына байланыслы. Оның дәрежесин асырыў ушын өз капиталын дереклер менен толтырыў, активлер ҳәм дебиторлық қарызлар өсиўин турғын ҳалда сақлаўдан ибарат. Бул көрсеткиштен кәрхана активиниң ликвидлигин баҳалаў ҳәм узақ мүддетли келешекте төлемге жарамлылығын анықлаўда пайдаланылады. Айланыс активлериниң қысқа мүддетли миннетлемелердан еки есе артық болыўы кәрхананың ислеп шығарыў ҳәм финанслық жағдайының турақлы өсиўи ушын имкан жаратады. Буның нәтийжесинде исши капиталы яки “сап айланыс активи” қәлиплеседи.

Исши капиталы ликвид резервлери болып есапланып, күтилмеген ҳалларда жүзеге келетуғын пул түсимлери ҳәм қарыз миннетлемелеры ортасындағы үзилислер себепли жүзеге келетуғын қәрежетлерди қаплаўға сарпланады. Сап исши капиталы сап активтиң бир бөлеги, банк-кредиторлар ушын банк кредитин кәрхана қайтара алмаған ҳалларда оннан гиреў сыпатында пайдаланады.

16 –кесте.

**«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң сап айланыс активлерин анықлаў тәртиби**

| Т № | Көрсеткишлер | Жыл басы | Жыл ақыры | Өзгериси (+,-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Айланыс активлери | 28,3 | 5980 | +5951,7 |
| 2 | Қысқа мүддетли миннетлемелер | 265284,9 | 92766 | -172518,7 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3 | Сап айланыс активлери (1 қатар-2 қатар) | -265257 | -86786 | 178470,4 |

16-кестеде айланыс активлердиң қысқа мүддетли миннетлемелер менен қапланыўына тийисли есап-китап келтирилген, оның нәтийжесине көре айланыс активлериниң қысқа мүддетли миннетлемелердан артықшалығы жыл басында 265257,1 мың сўмды, жыл ақырына келип 86786 мың сўмды қураған. Сап айланыс активиниң толық суммада динамик түрде өзгериўи ликвидлик дәрежениң де өзгериўине алып келеди. Бул көрсеткиш қысқа мүддетли миннетлемелердиң қапланыўынан соң пайда болған артықша муғдарды аңлатады. Демек, бул көрсеткиштиң өсиўи кәрхана ликвидлигин турақласыўын аңлатады. Бизиң кәрханамызда бул жағдай ашынарлы жағдайда есапланады.

## 3.3. Финанслық коэффициентлердиң комплекс анализи

Кәрханадағы экономикалық процесслер жүз бериўинде айланыс қаржылардың роли үлкен. Айланыс қаржылар қаншелли тез темп пенен айланса, олар қаншелли нәтийжели пайдаланылса, кәрхананың финанслық турақлылығы соншелли жақсы тәмийинленеди.

Кәрхананың айланыс қаржылары – оның айланыс фондлар ҳәм басқа ҳәрекеттеги активлерде турған пул қаржылары болады. Олар тийкарғы фондлардан парқлы түрде, тоқтаўсыз ҳәрекетте болады. Себеби бир ислеп шығарыў цикли даўамында толық пайдаланылып, өз баҳасын таяр өнимге өткерген ҳалда ҳәм буйым-натура көринисинде, ҳәм баҳа формасында тикленеди.

Қаржылардың үлеси кәрхананың улыўма хожалық қаржыларында искерлик тараўына қарап, 60% тен 90% ке шекем болады. Кәрхананың финанслық ҳәм экономикалық жағдайы көп жақтан мине усы қаржылардан нәтийжели пайдаланыўға байланыслы.

Кәрхана экономикалық искерлиги қурамында жетекши орынды айланыс қаржылардың үлеси қурайды. Анализ процесинде айланыс

қаржыларды аңлатыўшы көрсеткишлер системасын анықлаў ҳәм анализлеў де күтә әҳмийетли. Бул машқаланың шешилиўинде алымлар бир жуўмаққа келген. Яғный, айланыс қаржыларды аңлатыў ушын көрсеткишлер системасынан пайдаланыў усынылмақта.

Бирақ қандай көрсеткишлерден пайдаланыў ҳәм оларды классификациялаў бойынша алымлар ортасында ҳәр түрли көз-караслар бар. Айырым оқыўлықларда[31] базыбир бөлимлерде ғана "Кәрхана активлериниң анализи" қысқа қарап шығылған. Айырым излениўшилер айланыс қаржыларын аңлатыўшы көрсеткишлерди үшке бөлип үйрениўди усынады. Мысалы, "Финанслық анализ"[32] сабақлығында айланыс қаржыларды баҳалаўшы көрсеткишлер оның жағдайын, ҳәрекетин ҳәм нәтийжелилигин аңлатыўшы көрсеткишлерге бөлинген. Бирақ көрсеткишлер системасының анық классификациясы берилмеген. Буның үстине айланыс қаржылардың ҳәрекети ҳәм нәтийжелилигин аңлатыўшы көрсеткишлер бир-бири менен араласып кеткен.

Кейинги жылларда баспадан шығарылған, туўрыдан-туўры кәрхананың финанслық жағдайын баҳалаўға бағышланған экономикалық әдебиятта[33] да бул мәселе нәзерден шетте қалған. Айланыс қаржыларға тийисли тек үш көрсеткиш усынылған. Тәбиий түрде, бундай қатнас қойылған машқаланың толық шешилиўи ушын жетерли емес.

Туўрыдан-туўры финанслық анализге бағышланған әдебиятларда да айланыс қаржыларды аңлатыўшы көрсеткишлерге аз итибар берилген[34], тап усы жағдайды В.В.Петров ҳәм В.В.Ковалевлардың излениўлеринде де гүзетиў мүмкин[35].

---

[31] Савицкая Г.В. " Анализ хозяйственной деятельности предприятия". –М.Инфра-М. 2009.
[32] Волжин И.О.Ергашбоев В.В. "Финанслық анализ". -Т.: Экономика ҳәм хуқық дүньясы. 1998.
[33] Хасанов Н., Нажбитдинов С. "Кәрхананың финанслық жағдайын баҳалаў: машқалалар ҳәм оларды шешиў". -Т.: Экономика ҳәм хуқық дүньясы. 1999.
[34] Ергешев Й.Й. "Экономикалық ҳәм финанслық анализ". -Т.: Консаудитинформ . 2005.
[35]Артёменко В.Г. "Анализ финансовой отчетности". –М.: Омега-Л. 2009.

Бизге белгили, кәрханалардың искерлик көрсетиўи ушын, олар керекли муғдарда ислеп шығарыўдың тийкарғы ҳәм айланыс фондлары, мийнет ҳәм басқа ресурслары менен тәмийинлениўи керек. Ислеп шығарыўдың тийкарғы фондлары өз қурамына бинә, имарат, үскене, хожалық әсбапларын алып, олар ислеп шығарыўдың техникалық базасын қурайды ҳәм узақ ўақыт, көплеп ислеп шығарыў циклларында хызмет етеди. Олардың баҳасы амортизация есаплаў арқалы ислеп шығарылған өнимлердиң өзине түсер баҳасына өткериледи.

Ислеп шығарыў айланыс фондлары өз қурамына ислеп шығарыў запасларын, пул қаржыларын алып, олар ислеп шығарыўдың бир циклинде пайдаланылады ҳәм баҳасы ислеп шығарылған өнимлердиң өзине түсер баҳасына толық өткериледи. Ислеп шығарыўда ҳәм тийкарғы, ҳәм айланыс қаржылардың барлығы, жағдайы, олардан пайдаланыў дәрежеси кәрханалардың финанслық жағдайына тәсир көрсетеди. Мысалы, тийкарғы қураллардан нәтийжели пайдаланылса, мийнет өнимдарлығы артады, өзине түсер баҳа кемейеди, пайда көбейеди, рентабельлик дәрежеси көтериледи. Айланыс қаржылардан нәтийжели пайдаланылса, өнимниң өзине түсер баҳасы кемейеди, пайда көбейеди, рентабеллик дәрежеси көтериледи. Лекин кәрханалардың финанслық жағдайы анализленгенде, тек бир машқала – айланыс қаржылардың айланыўы менен кәрханалардың финанслық жағдайы ортасындағы байланыс анализ етиледи, себеби айланыс қаржылардың айланысының өзгериўи кәрханалардың финанслық жағдайына туўрыдан-туўры ҳәм муғдарлық тәсир көрсетеди. Буннан тысқары, әмелият соны көрсетеди, айланыс қаржылардың айланысы пәсейген жағдайда да кәрхана финанслық жағдайының басқа көрсеткишлери унамлы ҳәм керисинше, айланыс қаржылардың айланысы тезлескен болса, кәрхана финанслық жағдайының басқа көрсеткишлери жаманласқан болыўы мүмкин.

Айланыс қаржылардың айланысы тезлетилсе, оның бир бөлими тежеледи, қосымша пайда келип шығады, бундай ислеп шығарыўды кеңейтиў ушын ҳәм басқа мақсетлерде пайдаланыў мүмкин. Керисинше, айланыс қаржылардың айланысы әстелестирилсе, кәрханаға айланыс қаржылары жетпей қалады ҳәм кәрхана искерликти даўам еттириў ушын сыртқы дереклерден (банк кредити ҳәм т.б.) пайдаланып, кәрхана айланыс қаржылары толтырылыўы керек. Сол себепли кәрханалардың айланыс қаржыларының айланысының өзгериўи ҳәм оның кәрханалардың финанслық жағдайына тәсири анализ етиледи.

Айланыс қаржыларды ислеп шығарыўда қатнасыў характери ҳәм оған тәсир етиў дәрежеси; пайда болыў дереклери бойынша классификациялаў мүмкин (7-сызылма)

Кәрхананың финанслық жағдайы анализ қылынғанда баланс бойынша өзине qараслы айланыс қаржылардың бар суммасы анықланады ҳәм олар менен қай дәрежеде тәмийнленгенлигине баҳа бериледи. Анализ ушын 17-кестени усынамыз.

17-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, кәрхананың өзине қараслы айланыс қаржылары жыл басына -51422 мың сўмды қураған ҳалда жыл ақырына -124292 мың сўмды қураған, яғный 72870 мың сўмға көбейген. Кәрханада материаллық айланыс қаржыларды өзине қараслы айланыс қаржылар менен жыл басында -19842297 мың сўмға, жыл ақырында болса -20139998 мың сўмға артық кем тәмийнленген.



**7-сызылма. Айланыс қаржыларды классификациялаў көрсеткишлери**

Кәрхананың айланыс қаржылары дереклери менен тәмийнленгенбегенлигиниң тийкарғы себеби жәми дереклердиң +34874 мың сўмға, тийкарғы қураллар ҳәм басқа обороттан тыс активлердиң тийкарғы қураллар ҳәм басқа обороттан тыс активлер +107744 мың сўмға артыўы есапланады.

**17-кесте**

**«Қарақалпақ дән өнимлери» АЖиниң өзине караслы айланыс қаржыларының анализи**

| **Көрсеткишлер** | **Есабат жылының басы** | **Есабат жылының ақыры** | **Өзгериўи (+,-)** |
|---|---|---|---|
| 1. Өз қаржыларының дереклери (баланстың I пассив бөлими жәми, 480) | 1495459 | 1530333 | +34874 |
| 2. Узақ мүддетли қарызлар (баланстың II пассив бөлими, 580 қатар) | - | - | - |
| 3. Жәми дереклер: (1+2) | 1495459 | 1530333 | +34874 |
| 4. Тийкарғы қураллар ҳәм басқа обороттан тыс активлер (баланстың I актив бөлими жәми, 130 қатар) | 1546881 | 1654625 | +107744 |
| 5. Кәрхананың бар өзине қараслы айланыс қаржылары. (3-4) | -51422 | -124292 | -72870 |
| 6. Материаллық айланыс қаржылар (баланстың II актив бөлими, 140 қатар) | 19790875 | 20015706 | +224831 |
| 7. Материаллық айланыс қаржылардың өзине қараслы айланыс қаржылар менен тәмийинлениўи. (5-6; +,-) | -19842297 | -20139998 | -297701 |

Енди, кәрхананың айланыс қаржылары менен жетерли дәрежеде тәмийинлениў себеплерин үйренип шығамыз. Буның ушын кәрхананың ислеп шығарыў запаслары ҳәм қәрежетлер жағдайын анализлеймиз. Анализ ушын төмендеги 18-кестени усынамыз.

**18-кесте**

**«Қарақалпақ дән өнимлери» АЖиниң запаслар ҳәм қәрежетлери жағдайының анализи**

**(мың сўм)**

| Запас ҳәм қәрежетлер | Жыл басы | | Жыл акыры | | Өзгериси | | Жыл басына салыс-тырғанда, % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Абсолют сумма | Салмағы, % | Абсолют сумма | Салмағы, % | Абсолют сумма | Салмағы, % | |
| 1. Ондирислик запаслары | 18805319 | 80,92 | 19042300 | 95,14 | +236981 | -7,35 | 101,26 |
| 2. Тамамланбаған ислеп шығарыў | 985556 | 4,24 | - | - | - | - | - |
| 3. Таяр өним | 3302233 | 14,21 | 800270 | 4,00 | -2501963 | 77,61 | 24,23 |
| 4. Товарлар | - | - | 173136 | 0,87 | - | - | - |
| 5. Келеси дәўир қәрежетлери | 146186 | 0,63 | - | - | - | - | - |
| Запас ҳәм қәрежетлердиң жәми | 23239294 | 100 | 20015706 | 100 | -3223588 | 100 | 86,13 |

18-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, кәрханада жыл даўамында запас ҳәм қәрежетлер 3223588 мың сўмға яки 86,13% ке кемейген. Кәрханада запас ҳәм қәрежетлер қурамында өндирислик запасларының салмағы есабат жылы басында 80,92% ти, есабат жылы ақырында болса 95,14% ти, таяр өнимниң салмағы болса 14,21%; 4% ти қурады. Айланыс қаржылардың айланысын аңлатыўшы көрсеткишлер болып төмендегилер есапланады:

1. Айланыс қаржылардың айланыс коэффициенти. Айланыс қаржылардың бир жылда неше мәрте айланысын билдиреди.

2. Айланыс қаржылардың айланыс күни. Айланыс күни, айланыс қаржылардың бир мәрте айланып шығыў ушын неше күн кеткенин аңлатады.

3. Айланыс қаржылардың бәнтлик коэффициенти. Бәнтлик коэффициенти, айланыс қаржылардың оборотта, яғный реализация көлеминде тутқан орнын аңлатады.

Айланыс қаржылардың айланысының бир айлығын, бир кварталлығын, ярым жыллығын ҳәм бир жыллығын анықлаў ҳәм анализлеў мүмкин.

Енди жоқарыда көрилген айланыс қаржылардың айланысы менен кәрхананың финанслық жағдайы ортасындағы байланысты аңлатыўшы көрсеткишлерди кәрхана әмелдеги мағлыўматларын қолланған ҳалда төмендеги 19-кестеде көрип шығамыз.

**19-кесте**

**«Қарақалпақ дән өнимлери» АЖиниң айланыс қаржыларының айланыс көрсеткишлериниң анализи**

**(мың сўм)**

| **Көрсеткишлер** | **Есабат жылының басы** | **Есабат жылының ақыры** | **Парқы (+,-)** |
|---|---|---|---|
| 1. Сатыўдан алынған сап түсим | 7 587 115,00 | 17 773 593,00 | +10 186 478,00 |
| 2. Материаллық айланыс қаржылардың орташа жыллық қалдығы | 19 790 875,00 | 20 015 706,00 | +224 831,00 |
| 3. Орташа дебиторлық қарызлары | 319 191,58 | 344 194,08 | +25 002,50 |
| 4. Есабат дәўириндеги күн | 360,00 | 360,00 | - |
| 5. Материаллық айланыс қаржылардың айланыс коэффициенти (1:2). | 0,38 | 0,89 | +0,50 |
| 6. Материаллық айланыс қаржылардың айланыс күни (2х360:1). | 939,05 | 405,41 | -533,64 |
| 7. Материаллық айланыс қаржылардың бәнтлилик коэффициенти (2:1). | 2,61 | 1,13 | -1,48 |
| 8. Дебиторлық қарызлардың айланыс коэффициенти (1:3) | 23,77 | 51,64 | +27,87 |
| 9. Дебиторлық қарызлардың айланыс күни (3х360:1). | 15,15 | 6,97 | -8,17 |
| 10. Бир күнлик оборот (1:360). | 21 075,32 | 49 371,09 | +28 295,77 |
| 11.Айланыс қаржылардың айланысының тезлесиўи нәтийжесинде қаржылардың бир бөлиминиң артып қалыўы. | | | - |
| 12. Айланыс қаржылардың айланысының әстелесиўи нәтийжесинде оборотқа қосымша қаржылардың қамтылыўы | -26 346 443,17 | | -26 346 443,17 |

19-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, материаллық айланыс қаржылардың айланыс коэффициентти есабат жылы ақырына келип 0,5 бәнтке көбейген. Материаллық айланыс қаржылардың айланыс күни болса 533,64 күнге кемейген. Буның нәтийжесинде олардың бәнтлилик коэффициенти де 1,48 бәнтке кемейген. Дебиторлық

қарызларының айланыс коэффициенти 27,87 ге артқан, айланыс күни болса 8,17 күнге кемейген. Бир күнлик оборот көлеми есабат жылы ақырында 49371,09 мың сўмды қурап, 28295,77 мың сўмға көбейген.

20-кесте мағлыўматлары тийкарында айланыс қаржылардың айланыс күнининң өзгериўине тәсир етиўши факторлардың есап-китабын шынжырлы алмастырыў усылы арқалы анықлаймыз.

**20-кесте**

**«Қарақалпақ дән өнимлери» АЖинин айланыс қаржылардың айланыс күнининң өзгериўине тәсир етиўши факторларды шынжырлы алмастырыў усылы менен анықлаў**

| Есаптың тәртип саны | Алмастырыўдың тәртип саны | Есап формуласы қурамына кириўши факторлар | | Улыўмаласқан көрсеткиш – Айланыс қаржылардың айланыс күни | Алдынғы есапқа салыстырғанда фарқ (+.-) | Өзгериў себеплери |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Сатыўдан алынған сап түсим | Айланыс қаржылардың жыллық қалдығы | | | |
| A | B | 1 | 2 | 3 (2x360:1) | 4 | 5 |
| 1 | - | 7 587 115,00 | 19 790 875,00 | 939,05457 | - | |
| 2 | 1 | 17 773 593,00 | 19 790 875,00 | 400,85958 | -538,19 | 1-фактор артқан |
| 3 | 2 | 17 773 593,00 | 20 015 706,00 | 405,41348 | 4,55 | 2-фактор кемейген |

факторлар балансы: -533,64

20-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, айланыс қаржылардың айланыс күни 533,64 күнге кемейген. Бул өзгерис төмендеги факторлар тәсиринде жүз берген:

1. Сап түсим көлеминиң 10 186 478,00 мың сўмға артыўы, айланыс қаржылардың айланыс күнин 538,19 күнге кемейткен.

2. Материаллық айланыс қаржылардың жыллық қалдығының 224 831,00 мың сўмға артыўы болса айланыс қаржылардың айланыс күнин 4,55 күнге көбейткен.

Солай етип, барлық факторлар тәсири нәтийжениң улыўма өзгериўине теӊ: (-538,19)-(4,55 )=-533,64

Айланыс қаржылардың айланысының тезлесиўи айланыс қаржылардың ислеп шығарыўдан бир бөлиминиң азат етилиўине, айланыс қаржылардың әстелесиўи болса ислеп шығарыўға айланыс қаржылардың қосымша қамтылыўына алып келеди.

Айланыс қаржылардың айланысының тезлесиўи нәтийжесинде қанша айланыс қаржылардың ислеп шығарыўдан азат етилгенлиги яки айланыс қаржылардың айланысының әстелесиўи нәтийжесинде қанша айланыс қаржылардың қосымша ислеп шығарыўға қамтылыўын анықлаў ушын айланыс қаржылардың айланысының тезлескен яки әстелескен күнин бир күнлик оборот суммасына көбейтиў керек.

20-кесте мағлыўматларынан көринип турғанындай, «Қарақалпақ дән өнимлери» АЖиниң айланыс қаржылардың айланысының тезлесиўи нәтийжесинде обороттан 26 346 443,17 мың сўм қосымша қаржы қамтылған. Айланыс қаржылар айланыўшаңлығының тезлескенлигиниң тийкарғы себеплери кәрхана ислеп шығарыў қуўатларынан пайдаланыў коэффициентиниң жоқарылығы болып есапланады.

Айланыс қаржылар айланып турыўының кәрхана финанслық жағдайына тәсирин анализлеў айланыс қаржылардың айланысын тезлестириўге жиберилген усынyслар менен жуўмақланыўы керек.

Солай етип, айланыс қаржылардың айланып турыўын анализлеў финанслық анализдиң тийкарғы басқышларынан бири болып, ол барлық ўақыт кәрхана басшысы, анализшилер ҳәм аудиторлардың итибар орайында болыўы керек.

Кәрхана финанслық турақлылығын аңлатыўдағы ең әҳмийетли көрсеткишлерден бири ағымдағы активлердиң өз айланыс қаржылары менен қапланыў коэффициенти болып есапланады. Бул коэффициент көп жағдайларға байланыслы. Оның муғдары ҳәм динамикасы туўрасында

халықаралық есап-анализ әмелиятында улыўма усынıслар белгиленбеген. Бизиң мәмлекетимизде бул көрсеткиштиң нормативи 0,1.

Демек, кәрхана балансының дүзилиси қанаатландырарлы, финанслық турақлылыққа ерисиў ушын ағымдағы активлердиң 10 пайызын өз Айланыс қаржылары қураўы зәрүр.

21-кесте.

**«Қарақалпақ дән өнимлери» АЖиниң өз айланыс қаржыларының бар суммасы ҳәм олар менен кәрхананың тәмийнлениўи**

| Көрсеткишлер | Жыл басы | Жыл ақыры | Өзгериси, (+, -) | Өсиў темпи, % |
|---|---|---|---|---|
| Өз капиталы | 3700,6 | 4705,3 | +1004,7 | 127,1 |
| **Узақ мүддетли активлер** | 3342,8 | 3889,1 | +546,3 | +116,3 |
| Айланыс (ағымдағы) активлери | 4401,7 | 6654,6 | +2252,9 | +151,1 |
| Өз айланыс қаржыларының бар суммасы | 357,8 | 816,2 | +458,4 | +228,1 |
| Өз айланыс қаржылары менен тәмийнлениў коэффициенти | 0,081 | 0,122 | +0,041 | +150,6 |

Ағымдағы активлерди өз Айланыс қаржылары менен тәмийнлениўи жыл басында усынылған нормадан киши (0,081 < 0,1), жыл ақырына келип жағдай бираз өзгерген (0,122 > 0,1). Өз Айланыс қаржылары менен тәмийнлениў коэффициентиниң жыл басына қарата өзгериўине тәсир етиўши факторларды шынжырлы байланыс усылы арқалы анықлаймыз.

$$\text{Өз айланыс қаржылары менен тәмийнлениў} = \frac{\text{Өз капиталы узақ мүддетли активлер}}{\text{Айланыс (ағымдағы) активлери}} = \frac{X\ Y}{Z}$$

$$\Delta f(x) = \frac{x_1 - y_0}{z_0} - \frac{x_0 - y_0}{z_0};$$

$$\Delta f(y) = \frac{x_1 - y_1}{z_0} - \frac{x_1 - y_0}{z_0};$$

$$\Delta f(z) = \frac{x_1 - y_1}{z_1} - \frac{x_1 - y_1}{z_0};$$

$$\Delta f(x) = \frac{4705{,}3 - 3342{,}8}{4401{,}7} - \frac{3700{,}6 - 3342{,}8}{4401{,}7} = +0{,}2283;$$

$$\Delta f(y) = \frac{4705{,}3 - 3889{,}1}{4401{,}7} - \frac{4705{,}3 - 3342{,}8}{4401{,}7} = -0{,}1241;$$

$$\Delta f(z) = \frac{4705{,}3 - 3889{,}1}{6654{,}6} - \frac{4705{,}3 - 3889{,}1}{4401{,}7} = -0{,}0628$$

$$\Delta f = \Delta f(x) + \Delta f(y) + \Delta f(z) = +0{,}2283 - 0{,}1241 - 0{,}0628 = +0{,}0414$$

22-кесте.

Өз айланыс қаржылары менен тәмийнлениў коэффициентиниң өзгериўине факторлар тәсири

| **Көрсеткишлер** | **Жыл басы** | **Жыл ақыры** | **Өзгериўи, (+, -)** |
|---|---|---|---|
| Өз капиталы | 3700,6 | 4705,3 | +1004,7 |
| Узақ мүддетли активлер | 3342,8 | 3889,1 | +546,3 |
| **Айланыс (ағымдағы) активлер** | 4401,7 | 6654,6 | +2252,9 |
| Өз Айланыс қаржыларының бар суммасы | 357,8 | 816,2 | +458,4 |
| Өз айланыс қаржылары менен тәмийнлениў коэффициентине факторлар тәсири, жәми Соның ишинде: | X | X | +0,041 |
| а) өз капиталы | X | X | +0,2283 |
| б) узақ мүддетли активлер | X | X | -0,1241 |
| в) Айланыс (ағымдағы) активлер | X | X | -0,0628 |

Кәрхананы өз айланыс қаржылары менен тәмийнлениў коэффициентиниң өзгериўине өз капиталының артыўы унамлы тәсир еткен (+ 0,2283).

Бирақ узақ мүддетли активлер, айланыс (ағымдағы) активлериниң жыл басына қарата артыўы себепли тәмийнлениў коэффициенти (-0,1241 – 0,0628) ке пәсейген.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Илимий изертлеўлер жумысы нәтийжесинде изертленип атырған кәрханада төмендеги жағдайлар анықланды:

“ККстроймонтуправление” ЖШЖиниң қаржылары есабат жылы кемейиў темпи 8,36% ти қураған. Есабат жылы ақырында, кәрхана мүлкиниң тийкарғы бөлимин узақ мүддетли активлер 24,03 %, айланыс активлер 75,97%, сондай-ақ дебиторлық қарызлары 72,79% ти қураған. Тийкарғы қураллар есабат жылы ақырында барлық хожалық қаржыларының 24,03% ин қураған.

“ККстроймонтуправление” ЖШЖинде пул қаржыларының салмағы 3,18% ти қураған. Бул көрсеткиш өткен жылға салыстырғанда жәми активлерде тутқан 0,01%тен бир қанша жақсыланған. Жәми 5951,7 мың сўмға көбейгенлигин көриўге болады.

Кәрханада өз қаржылары дереклери 1139,3 мың сўмға кемейгенлиги ҳәм жыл ақырында 95366,8 мың сўмды қурағанлығын көрсетип турыпты.

Кәрхананың жәми мүлк дереклери есабат жылы ақырына келип 173658,0 мың сўмға кемейген. Өз қаржыларының дереклери жыл басына 96506,10 мың сўмды қураған, жәми кәрхана мүлкиниң 26,67%ын қураған ҳалда жыл ақырына келип 95366,80 мың сўм жами мүликтин 50,69% ын қураған, яғный абсолют қөрсеткиште 1139,30 мың сўмға кемейген. Кәрхана мүлкиниң тийкарғы бөлимин қарыз қаржыларынан қуралғанлығын көриўге болады. Деген менен, өткен жылда қарыз капиталдың жәми мүликте тутқан үлеси 73,33%ды қураған болса, есабат жылы ақырында 49,31%ға кемейген.

«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң өз қаржыларының ҳәр сўмына 2,75 сўм қарызға алынған қаржылар туўра келген болса, жыл ақырына келип 0,97 сўмды қураған. Кәрхананың қарыз қаржыларына қарамлығы кемейген. Бундай жағдай оның финанслық жағдайының турақлылық дәрежесин азлы-кем жақсыланғанлығынан дәрек бермекте. Жыл ақырына

келип кәрханада аҳўал жақсыланған. Өз қаржылары жетерлилиги нормада екенлигин көриўге болады

«ККстроймонтуправление» ЖШЖиниң жәми мүлкинде тийкарғы қураллардың ҳәм айланыс қаржыларының үлеси есабат жылы басында 0,16 ди қураған болса, жыл ақырына келип 0,24 ни қурап, 0,08 ге көбейген. Тийкарғы ҳәм айланыс қаржылардың кәрхана мүлкинде тутқан салмағы исбилерменлик пенен кәрхана қаржыларынан пайдаланыў дәрежесин көрсетеди. Бул коэффициенттиң мәниси 0,5 тен кем болмаўы керек. Демек кәрханада айланыс қаржыларының үлеси бир қанша өткен жылға салыстырған жақсыланған, деген менен нормадан бир қанша төмен.

Өз айланыс қаржылары менен тәмийинлениў коэффициенти 0,1 ден жоқары болыўы керек. Кәрханада бул коэффициент есабат жылында нормадан жоқары, яғный жыл баснда 0,13, ал жыл ақырында 0,67 коэффициентти қураған. Бул кәрхананың айланыс қаржылары менен тамийнлениўи жақсыланғанлығынан дәрек береди.

Өз капиталының тийкарғы капиталға қатнас коэффициенти есабат жылы басында 1,7 ке , жыл ақырында болса 2,11ге тең болған. Демек өз капиталы салмағында тийкарғы капитал үлеси артқанлығын көриўге болады.

Кәрхана балансы толық ликвидликке ийе емес. Жүдә тез мүддетли миннетлемелер (кредиторлық қарызлар)ды қаплаў ушын пул қаржыларының жетиспеўшилиги ҳәмде тез пулға айланатуғын активлериниң қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызларды үзиў ушын артықмашылығы жыл басында $А_1$-$П_1$=+235,25 млн. сўм, $А_2$-$П_2$=-104,95 млн. сўмды қураған.

Бу көрсеткиш кәрхананың ликвидлик дәрежеси келешекте бираз жоқары болыўын, яғный кейинги жылларда төлем қәбилети тиклениўин аңлатады. Өткерилген анализ нәтийжелери соны көрсетеди, есабат дәўиринде кәрхананың толық ликвидлик көрсеткишлери жақсыланған.

Жыл ақырына келип кәрхана ағымдағы миннетлемелеринен қутылып, финанслық жағдайын бираз жақсылаған. Соның менен бирге қысқа мүддетли кредит ҳәм қарызлар да жыл ақырына келип бираз артқан.

Усы анықланған мағлыўматлар тийкарында төмендеги пикир ҳәм усынысларды бериў мүмкин.

Финанслық турақлылықты тәмийинлеўдиң тийкарғы жолларынан бири кәрхана дебитор қарызларын көбейттирмеў илажын көриў болып есапланады. Ҳәзирги ўақытта жүдә көп фирмалар ҳәм кәрханалар финанслық жақтан турақлы емес. Бундай субъектлер менен экономикалық қатнасықта болыў ықтыятлылықты талап етеди. Оларға товар бериў, пул өткериў ҳәрекеттеги қаржыны өли қаржыға айландырыў менен тең. Сол себепли бундай хожалық операцияларын ислеўден алдын шерик субъектлердиң финанс-хожалық искерлигин де терең үйрениўди талап етеди.

Есабат дәўиринде кәрхананың финанслық жағдайы турақлылыққа ийе. Запас ҳәм қәрежетлерди қаплаў ушын жәми дереклердиң жетиспеўшилиги жыл басында 305073,8 мың сўмды, жыл ақырына келип 142928,2 мың сўмды қураған. Демек, кәрхана финанслық турақлылығы өткен есабат жылына салыстырғанда бир қанша төменлеген, деген менен кәрхана нормативке муўапық толық финанслық турақлылыққа ийе.

Демек, анализ нәтийжелеринен кәрхананың финанслық теңсалмақлылығы жақсы аҳўалда емес екенлигин көриўге болады. Кәрхана финанслық турақлылығын тәмийинлеў бойынша төмендеги әмелий усынысларды бериў мүмкин.

Кәрханада хызметлердиң көрсетилиў ҳәм жумыслардың орынланыўы менен пул түсими темпи сәйкес емес. Стнлықтан да жәмийетте сыртқы капиталға болван мүтәжлик сезиледи. Кәрханада орынланған жумыслар бойынша пул түсимлерин тезлетиў мәселелери көрилиўи керек.

Жәмийетте дебиторлық қарызларды өндириў бойынша илажларды әмелге асырыў керек болады.

Кәрхана финанслық турақлылығын тәмийинлеў ушын жеке капиталдың көбейиўи, оннан нәтийжели пайдаланыў керек. Кәрхана жеке капиталының көбейиўи биринши мәрте шөлкемлестириўшилер есабынан қуралған Устав фонды арқалы тәмийнленсе, кейиншелли кәрхана искерлиги даўамында алынған пайдадан ажыратпалар есабына көбейтип барыў мүмкин. Сол себепли жеке капиталды көбейтиў ушын, алдын-ала, кәрхана пайдасын көбейтип барыў мүмкин. Кәрхананың пайдасы ҳәр қандай хожалық искерлигиниң нәтийжеси болып қалмастан, ал нәтийжели искерлик нәтийжеси болып табылады.

Кәрханалардың жүдә көп қәрежетин банклерден алынған қарыз ушын төленетуғын пайыз ҳәм транспорт қәрежети қурайды. Сол себепли кәрхана имканы барынша айланыстағы қаржыларда өз қаржыларының үлесин көбейтиўи ҳәм жуўмағында барлық айланыс қаржыларын өзиниң есабынан қаплаўы керек. Тийкарғы қуралларды қәлиплестириўде оның үлесинде актив бөлимин көбейтиў ҳәм физикалық мийнетти жеңиллестириўши үскенелерди сатып алыў мақсетке муўапық. Егер кәрхананың транспорты болса, ол тек кәрхана зыянын кемейтип ғана қалмастан, ал пайда алыўды да тәмийинлеўи мүмкин. Сол себепли финанслық турақлылықты баҳалағанда тийкарғы қураллар менен байланыслы болған көрсеткишлерден пайдаланылады.

Ислеп шығарыў технологиясы тез өзгерип атырған, пән-техника раўажланыўы жеделлесип атырған пайтта тийкарғы қуралларды тезлик пенен жаңаланыўды талап етеди. Бул болса оның амортизациясы нормасын көбейтиўди талап етеди. Солай екен, тийкарғы қураллардың да жаңаланыўы, алдыңғы технологияны үзликсиз түрде ен жайдырыўды тәмийинлеў ис илажлары ислеп шығылыўы керек.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

## Нормативлик ҳуқықый ҳүжжетлер

### 1.1. Өзбекистан Республикасы Нызамлары:

1.1.1. Өзбекистан Республикасы Конституцияси.–Т.: “Өзбекистан”, 2014 ж.

1.1.2. Өзбекистан Республикасынинг Пуқаралық Кодекси. “Адолат”, Ташкент, 2007.

1.1.3. Өзбекистан Республикасы Салық Кодекси. Ташкент 2010 ж.

1.1.4. Өзбекистан Республикасы Пуқаралық Кодексиниң екинши бөлимине түсиндирмелер. Т.: “Иқтисодиёт ҳәм ҳуқуқ дунёси”, 1998 ж.

1.1.5. Өзбекистан Республикасының “Ойлап табыўлар, пайдалы моделлер ҳәм санаат үлгилери туўрысында”ғы Нызамы (жаңа редакциясы). 06.05.1994 ж.

1.1.6. Өзбекистан Республикасы нызамы. ЭЕМ ушын бағдарламалар ҳәм мағлыўматлар базалары туўрысында. 1994 ж. 6 май,

1.1.7. Өзбекистан Республикасы нызамы. Бухгалтерия есабы туўрысында. Ташкент, 1996 ж. 30 август.

### 1.2. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары:

1.2.1. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң №383 санлы қарары. Аўыл хожалығы өндирисинде шәртнамалық қатнасықларды жетилистириў ҳәм миннетлемеелр орынланыўы ушын тәреплердиң жуўапкершилигин асырыў ис-илажалар туўрысында. 4 сентябрь 2003 жыл. Салық төлеўшиниң журнали, №11.

1.2.2. Өним(жумыс, хызметлер)лерди ислеп шығарыў ҳәм сатыў қәрежетлериниң қурамы ҳәм де финанслық нәтийжелерди қәлиплестириў ҳаққында Нызам. (Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1999 жыл 5 февралдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған).

## 2.Президент мийнетлери:

2.1. Каримов И.А. Өзбекистан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында. Т.: “Өзбекистан”, -1995 ж.

2.2. Каримов И.А. Барлық реже ҳәм бағдарламаларымыз ўатанымыз раўажланыўын жоқарылатыў, халқымыз пәрәўанлығын асырыўға хызмет қылады. –Т.: Өзбекистан, 2011. -26 б

2.3. Каримов И.А. «Өзбекистан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери». – Т. Өзбекистан, 1997.

2.4. Каримов И.А. «Өзбекистанда демократиялық өзгерислерди және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийети тийкарларын қәлиплестириўдиң тийкарғы бағдарлары». «Халық сөзи» газетасы, 2002 жыл 30 август.

2.5. Каримов И.А. Жәҳән финанслық экономикалық кризиси, Өзбекистан шәраятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары. – Т.: Өзбекистан, 2009.

2.6. Каримов И.А. Мәмлекетте демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажалндырыў концепциясы: Өзбекистан Республикасы Олий мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. 2010 жыл 12 ноябрь. – Тошкент: “Өзбекистан”, 2010. -56 б.

2.7. Каримов И.А., Ўзбекистон мустақилликка эришиш астонасида, Тошкент: “Ўзбекситон” 2011

2.8. Каримов И.А., Ўзбек халқига тинчлик ва омонлик керак, Тошкент: “Ўзбекситон” 2013

2.9. Каримов И.А. «Тийкарғы ўазыйпамиз – Ўатанамыз раўажланыўы ҳәм халқымыз танышлығын және де жетилистириў». Халық сөзи. 30.01.2010. 15 б

2.10. Каримов И.А. Ўатанымыздың раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады: 2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм

2012-жылда Өзбекистанды социаллық-экономикалық раўажландырыўдың ең әҳмийетли бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты, «Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2012 жыл № -9 10 (19160)

2.11. Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Кәримовтың елимизди 2013-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2014-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги "2014 жыл жоқары пәтлер менен раўажланыў, бәрше имканиятларды иске қосыў, өзин ақлаған реформалар стратегиясын избе-из даўам еттириў жылы болады” атлы баянаты, *«Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2014 жыл № 9 (19471)*

## 3.Оқыўлық ҳәм оқыў қолланбалар

3.1. А.А.Каримов, Исломов Ф.Р., Авлокулов А. Бухгалтерия ҳисоби. –Т.: “Шарқ” НМАК, 2004. -592 б;

3.2. Абдукаримов И.Т. Молиявий ҳисоботни ўқиш ва таҳлил қилиш йўллари. –Т.: “Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси”, 1999. -320 б;

3.3. Абдуллаева Ш.З. Банк рискари ва кредитлаш. –Т.: “Молия”, 2002. -304 б;

3.4. Акрамов Е.А. «Кәрханалардың финанслық жағдайының анализи”. - Т.: финанс. 2003.

3.5. Артёменко В.Г. “Анализ финансовой отчетности”. –М.: Омега-Л. 2009.

3.6. В.Ваҳобов, А.Т.Иброҳимов, Н.Ф.Ишонқулов (“Финанслық ҳәм басқарыў анализи”. “Шарқ” баспа акционерлик компаниясы Бас редакциясы. –Т.: 2005, 219-220-бетлер) сабақлығы

3.7. Волжин И.О.Ергашбоев В.В. “Финанслық анализ”. -Т.: Экономика ҳәм хуқық дүньясы. 1998.

3.8. Ергешев Й.Й. “Экономикалық ҳәм финанслық анализ”. -Т.: Консаудитинформ . 2005.

3.9. И.А. Каримов. Демократик ҳуқуқий давлат эркин иқтисодиёт талабларини тўлиқ жорий этиш, фуқаролик

3.10. Ионова А.Ф., Селезнева А.А. “Финансовый анализ”. -М.: Юнити. 2009.

3.11. Ионова А.Ф., Селезнева Н.Н. Финансовый анализ. –М.: “Проспект”, 2006,

3.12. М.Қ. Пардаев Иқтисодий таҳлил. –Т.: “Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси” нашриёт уйи, 2001. -156 б.;

3.13. М.Қ.Пардаев, Б.И.Исроилов (“Экономикалық анализ”. Оқыў қолланба. –Т.: 2001, 137-бет)

3.14. Маркарьян Э.А., Герасименко Г.П., Маркарьянс С.Э. Финансовый анализ. Издания четвертое –М.: “ИД ФБК-Пресс”, 2003.

3.15. Мельник М.В., Герасимова Е.Б. Анализ финансовой деятельности предприятия. –М.:“Фарум”, 2007.

3.16. Н.М.Любишин “Анализ финансово-экономической деятельности предприятия” (–М.: 2001, 111-113-бетлер)

3.17. Пардаев М.Қ,.Исроилов Б.И. “Экономикалық анализ”. -Т.: “Мехнат”, 2004

3.18. Р.Д. Дусмуратов Аудиторлик фаолияти: назария, услубиёт ва амалиёт. –Т.: “Молия” нашриёти, 2007. -276 б.

3.19. Савицкая Г.В. ” Анализ хозяйственной деятельности предприятия”. –М.Инфра-М. 2009.

3.20. Савицкая Г.В. Анализ хозяйственной деятельности. –М.: Инфра-М., 2007, 256 стр.

3.21. Савицкая Г.В. Теория анализа хозяйственной деятельнос-ти. –М.: “Инфра-М”, 2006.

3.22. Стратегический и конкурентный анализ. Методы и средства конкурентного анализа в бизнесе. –М.: “Бином”, 2005.

3.23. Хасанов Н., Нажбитдинов С. “Кәрхананың финанслық жағдайын баҳалаў: машқалалар ҳәм оларды шешиў”. -Т.: Экономика ҳәм хуқық дүньясы. 1999.

3.24. Чуев Й.Н., Чуева Л.Н. Комплексный экономический анна-лиз хозяйственной деятельности. –М.: “Дашков и Ко”, 2006.

3.25. Ш. Хайдаров, Х. Ортиқов Ўзбекистон Республикаси Бухгалтерия ҳисобининг миллий стандарти (21 сон БҲМС). –Т.: “Ғафур ғулом номидаги – матбаа ижодий уйи, 2007. -256 б

3.26. Шеремет А.Д., Негашев Е.В. Методика финансового ана-лиза деятельности коммерческих организаций. –М.: “Инфра-М”,2006.

3.27. Шеремет А.Д., Сайфуллин Р.С. “ Методика финфнсового анализа”. –М. : Юнити..2003 .

3.28. Шоғиёсов Т.Ш. Комплекс иқтисодий таҳлил/ Т.: «IQTISOD-MOLIYA», 2009, 224 б.

3.29. Э.Акрамов (“Кәрхананың финанслық жағдайының анализи”. –Т.: “Молия”, 2003)

**Конференция материалларына силтемелер**

6.1. Сапарова Б. // Төменги әмиўдәрья регионының социал-экономикалық раўажландырыўды жеделлестириў ушын тәбийғый экономикалық потенциалынан ақылға муўапық пайдаланыў машқалалары, илимий-әмелий конференция материаллары. -Нөкис, 2-июнь 2014. –Б. 152-153.

6.2. Сапарова Б.// Иқтисодиёт ва халқимиз ҳаёт сифатини юксалтиришда хизмат кўрсатиш соҳасини ривожлантиришнинг долзарб муаммролари, илимий-әмелий конференция материаллары.-Самарқанд, 2015 20-21-февраль. –Б. 201-202 .

6.3. Тажекеев З.К., Сапарова Б. // Орол бўйи зонасида кичик бизнес ва хусусий тадбиркорликни ривожлантиришнинг иқтисодий-экологик

муаммолари, Халқаро илмий-амалий анжумани материаллари. -Нөкис, 2015. 6-7-май –Б. 263-266.

**Интернет материаллары**

7.1. www.aicpa.org/index.htm -American Institute of Certified Public Accountants

7.2. www.apb.org.uk - Auditing practices Board

7.3. www.arraydev.com/commerce/JIBC/ - Интернет банкинг ҳәм коммерция журнали

7.4. www.bizcom.ru/bank_business/index.html - виртуальное издательство различных бизнес публикаций.

7.5. www.buhgalt.ru – Журнал «Бухгалтерский учет».

7.6. www.cer.uz – Иқтисодий изланишлар маркази

7.7. www.dis.ru/fm/arhiv/2004/4/9.html - Просвирина И.И. Интеллектуальный капитал: новый взгляд МЕА нематериальные активы. Финансовый менеджмент, №4 / 2004,

7.8. www.iasc.org.uk - International Accounting Standards Committee

7.9. www.iia.org.uk - The Institute of Internal Auditors – United kingdom

7.10. www.nalog.ru – Министерства РФпо налогам и сборам

7.11. www.nao.gov.uk - UK National audit office

7.12. www.pravo.eastink.uz – Иқтисодий қонунлар тўплами

7.13. www.soliq.uz – Өзбекистан Республикасы Давлат Солиқ Қўмитаси

7.14. www.uza.uz – Өзбекистан миллий ахборот агентлиги

7.15. www.lex.uz – Өзбекистан Республикасы қонунлари тўплами

# ҚОСЫМШАЛАР

**1-қосымша**

## «КК строй монт управление» ЖШЖиниң баланс мағлыўматлары (Ш-1)

| Көрсеткишлер аты | Қатар коды | Есабат дәўири басына | Есабат дәўири ақырына |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| *АКТИВ* | | | |
| **I. Узақ мүддетли активлер** | | | |
| **Тийкарғы қураллар:** | | | |
| Басланғыш (қайта тиклеў) қуны (0100, 0300) | 010 | 85 225,0 | 58 365,0 |
| Тозыў суммасы (0200) | 011 | 28 507,8 | 13 160,0 |
| Қалдық (баланс) қуны (010 қатар-011 қатар) | 012 | 56 717,2 | 45 205,0 |
| **Материаллық емес активлер:** | | | |
| Басланғыш қуны (0400) | 020 | | |
| Амортизация суммасы (0500) | 021 | | |
| Қалдық (баланс) қуны (020 қатар-021 қатар) | 022 | | |
| Узақ мүддетли инвестициялар, барлығы (040+050+060+070+080 қатарлар) соның ишинде: | 030 | | |
| Баҳалы қағазлар (0610) | 040 | | |
| Сыңар хожалықларға инвестициялар (0620) | 050 | | |
| Қараўындағы хожалықларға инвестициялар (0630) | 060 | | |
| Сырт ел капиталына ийе кәрханаларға инвестициялар (0640) | 070 | | |
| Басқа да узақ мүддетли инвестициялар (0690) | 080 | | |
| Орнатыўға үскенелер (0700) | 190 | | |
| Капитал қойылмалар (0800) | 100 | | |
| Узақ мүддетли дебиторлық қарыздарлық (0910, 0920, 0930, 0940) | 110 | | |
| Соннан: мүддети өткен | 111 | | |
| Мүддети узайттырылған кешиктирилген қәрежетлер (0950, 0960, 0990) | 120 | | |
| I бөлим бойынша жәми **(012+022+030+090+100+110+120 қатарлар)** | 130 | **56 717,2** | **45 205,0** |
| **II. Ағымдағы активлер** | | | |
| Товар-материаллық запаслар, барлығы (150+160+170+180 қатарлар), соның ишинде: | 140 | | |
| Өндирис запаслары (1000, 1100, 1500, 1600) | 150 | | |
| Тамамланбаған өндирис (2000, 2100, 2300, 2700) | 160 | | |
| Таяр өним (2800) | 170 | | |
| Товарлар (2980ды алып таслағанда 2900) | 180 | | |
| Келеси дәўир қәрежетлери (3100) | 190 | | |
| Кешиктирилген қәрежетлер (3200) | 200 | | |
| Дебиторлар, барлығы (220+230+240+250+260+ +270+280+290+300+310 қатарлар) | 210 | 305 045,5 | 136 948,0 |
| **Соннан: мүддети өткен** | 211 | | |
| Қарыйдар ҳәм буйыртпашылардың қарызлары (4900 | 220 | 299545,5 | 136948,0 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| алып таслағанда 4000) | | | |
| Бөлимлердиң қарызлары (4110) | 230 | | |
| Сыңар ҳәм қараўындағы хожалықлардың қарызлары (4120) | 240 | | |
| Хызметкерлерге берилген аванслар (4200) | 250 | | |
| Жеткерип бериўши ҳәм бөлип алып ислеўшилерге берилген аванслар (4300) | 260 | 5 500,0 | |
| Бюджетке салық ҳәм жыйымлар бойынша аванс төлемлери (4400) | 270 | | |
| Мәмлекетлик арнаўлы фондлар ҳәм қамсызландырыў бойынша аванс төлемлери (4500) | 280 | | |
| Шөлкемлестириўшилердиң устав капиталына болған қарызлары (4600) | 290 | | |
| Басқа да операциялар бойынша хызметкерлердиң қарызлары (4700) | 300 | | |
| Басқа да дебиторлық қарызлар (4800) | 310 | | |
| Пул қаржылары, барлығы (340+350+360+370 қатарлар), соның ишинде: | 320 | 28,3 | 5 980,0 |
| Кассадағы пул қаржылары (5000) | 330 | | |
| Есап бетиндеги пул қаржылары (5100) | 340 | 28,3 | 5 980,0 |
| Сырт ел валютасындағы пул қаржылары (5200) | 350 | | |
| Басқа да пул қаржылары ҳәм эквивалентлери (5500+5600+5700) | 360 | | |
| Қысқа мүддетли инвестициялар (5800) | 370 | | |
| Басқа да ағымдағы активлер (5900) | 380 | | |
| **II бөлим бойынша жәми (140+190+200+210+320+370+380 қатарлар)** | 390 | **305 073,8** | **142 928,0** |
| Баланстың активи бойынша жәмиси **(130 қатар+390 қатар)** | 400 | **361 791,0** | **188 133,0** |
| **ПАССИВ** | | | |
| **I. Өз қаржыларының дереклери** | | | |
| Устав капиталы (8300) | 410 | 10023,1 | 10023,1 |
| Қосылған капитал (8400) | 420 | | |
| Резерв капиталы (8500) | 430 | 59 702,3 | 46 763,0 |
| Сатып алынған өз акциялары (8600) | 440 | | |
| Бөлистирилмеген пайда (қапланбаған зыян) (8700) | 450 | 26780,7 | 38580,7 |
| Мақсетли түсимлер (8800) | 460 | | |
| Келеси дәўир қәрежетлери ҳәм төлемлери бойынша резервлер (8900) | 470 | | |
| I бөлим бойынша жәми **(410+420+430-450+ +460+470 қатарлар)** | 480 | **96 506,1** | **95 366,8** |
| **II. Миннетлемелер** | | | |
| **Узақ мүддетли миннетлемелер (500+510+ +520+530+540+550+560+570+580+590 қатарлар)** | 490 | | |
| Соның ишинде узақ мүддетли кредиторлық қарызлар (500+520+540+560+590 қатарлар) | 491 | | |
| Оннан: мүддети өткен узақ мүддетли кредиторлық | 492 | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| қарызлар | | | |
| Жеткерип бериўши ҳәм бөлип алып ислеўшилерге узақ мүддетли қарызлар (7000) | 500 | | |
| Бөлимлерге болған узақ мүддетли қарыздарлық (7110) | 510 | | |
| Сыңар ҳәм қараўындағы хожалықларға узақ мүддетли қарыздарлық (7120) | 520 | | |
| Мүддети узайттырылған узақ мүддетли дәрамат (7210, 7220, 7230) | 530 | | |
| Салық ҳәм төлемлер бойынша мүддети узайт-тырылған узақ мүддетли миннетлемелер (7240) | 540 | | |
| Басқа да мүддети узайттырылған узақ мүддетли миннетлемелер (7250, 7290) | 550 | | |
| Қарыйдар ҳәм буйыртпашылардан алынған аванслар (7300) | 560 | | |
| Узақ мүддетли банк кредитлери (7810) | 570 | | |
| Узақ мүддетли қарызлар (7820, 7830, 7840) | 580 | | |
| Басқа да узақ мүддетли кредиторлық қарызлар (7900) | 590 | | |
| Ағымдағы миннетлемелер, барлығы (610+620+630+640+650+660+670+680+690+ +700+710+720+730+740+750+760 қатарлар) | 600 | | |
| Соның ишинде: Ағымдағы кредиторлық қарызлар (610+630+650+670+680+690+700+ +710+720+760 қатарлар) | 601 | **265 284,9** | **92 766,2** |
| Соның ишинде: мүддети өткен ағымдағы кредиторлық қарыздарлық | 602 | | |
| Жеткерип бериўши ҳәм бөлип алып ислеўшилерге қарыздарлық (6000) | 610 | 143 132,5 | 35 305,2 |
| Бөлимлерге болған қарыздарлық (6110) | 620 | | |
| Сыңар ҳәм қараўындағы хожалықларға қарыздарлық (6120) | 630 | | |
| Мүддети узайтырылған дәрамат (6210, 6220, 6230) | 640 | | |
| Салық ҳәм төлемлер бойынша мүддети узайттырылған миннетлемелер (6240) | 650 | | |
| Басқа да мүддети узайттырылған миннетлемелер (6250, 6290) | 660 | | |
| Алынған аванслар (6300) | 670 | | |
| Бюджетке төлемлер бойынша қарызлар (6400) | 680 | 27629,9 | 11933,0 |
| Қамсызландырыў бойынша қарызлар (6510) | 690 | 29552,6 | 13528,0 |
| Мәмлекетлик арнаўлы фондларға төлемлер бойынша қарыздарлық (6520) | 700 | | |
| Шөлкемлестириўшилерге қарызлар (6600) | 710 | | |
| Мийнет ҳақы бойынша қарызлар (6700) | 720 | 34 969,9 | |
| Қысқа мүддетли банк кредитлери (6810) | 730 | 30 000,0 | 32 000,0 |
| Қысқа мүддетли қарызлар (6820, 6830, 6840) | 740 | | |
| Узақ мүддетли миннетлемелердиң ағымдағы бөлеги (6950) | 750 | | |
| Басқа да кредиторлық қарызлар (6950 алып таслағанда 6900) | 760 | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| II бөлим бойынша жәми **(490+600 қатарлар)** | 770 | **265 284,9** | **92 766,2** |
| **Баланстың пассиви бойынша жәмиси (480+770 қатарлар)** | 780 | **361 791,0** | **188 133,0** |

2-қосымша

**«КК строй монт управление» ЖШЖиниң финанс нәтийжелери хаккқында мағлыўматлары**

| Көрсеткишлер | Қатар саны | Өткен жылдың усы дәўиринде | | Есабат дәўиринде | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Дәрамат лар (пайда) | Қәрежет лер (зыян) | Дәрамат лар (пайда) | Қәрежет Лер (зыян) |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| **Өним (товар, жумыс, хызмет) лерди сатыўдан келип түскен түсим** | 010 | 2 855 619,8 | x | 3 387 644,0 | |
| Сатылған өним (товар, жумыс, хызметлер) диң өндиристеги өзине түсер баҳасы | 020 | x | 2 703 194,8 | | 3 218 607,3 |
| **Өним (товар, жумыс, хызмет)лерди сатыўдан жалпы пайда (зыян) (010-020)** | 030 | 152 425,0 | | 169 036,7 | |
| **Дәўир қәрежетлери жәми: (050+060+070+080)** | 040 | x | 39 654,7 | x | 49 254,7 |
| Сатыў қәрежетлери | 050 | x | | x | |
| Админстративлик қәрежетлер | 060 | x | 12 000,0 | x | 21 600,0 |
| Басқа да операциялық қәрежетлер | 070 | x | 27 654,7 | x | 27 654,7 |
| Келеси салыққа тартылатуғын базадан шегирилетуғын есабат дәўири қәрежетлери | 080 | x | | x | |
| Тийкарғы искерлик басқа да дәраматлары | 090 | | x | | x |
| **Тийкарғы искерликтен пайда (зыян) (030-040+090)** | 100 | 112 770,3 | | 119 782,0 | |
| **Финанслық искерликтиң дәраматлары, жәми ( 120+130+140+150+160)** | 110 | | x | | x |
| Дивидендлер түринде алынған дәраматлар | 120 | | x | | x |
| Процентлер түринде алынған дәраматлар | 130 | | x | | x |
| Узақ мүддетли ижарадан (лизингтен) алынған дәраматлар | 140 | | x | | x |
| Валюта курсының дәраматлар | 150 | | x | | x |
| Финанслық искерликтиң басқа да дәраматлары | 160 | | x | | x |
| **Финанслық искерлик бойынша қәрежетлер (180+190+200+210)** | 170 | x | 3 427,6 | x | |
| Процентлер түриндеги қәрежетлер | 180 | x | 3 427,6 | x | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Узақ мүддетли ижара (лизинг) бойынша процент түриндеги қәрежетлери | 190 | х | | х | |
| Валюта курсынан зыянлар | 200 | х | | х | |
| Финанслық искерликтиң басқа да қәрежетлери | 210 | х | | х | |
| **Улыўма хожалық искерлигиниң финанслық нәтийжеси (пайда ямаса зыяны) (100+110-170)** | 220 | 109 342,7 | | 119 782,0 | |
| Айрықша жағдайдағы пайда ҳәм зыян | 230 | | | | |
| Салық төленгенге шекемги улыўма финанслық натийже (220+/-230) | 240 | 109 342,7 | | 119 782,0 | |
| Пайда (дәрамат) дан салық | 250 | х | 93 692,2 | х | 107 982,0 |
| Пайдадан басқа да салық ҳәм жыйымлар | 260 | х | | х | |
| **Есабат дәўириндеги сап пайда (зыян) (240-250-260)** | 270 | 15 650,5 | | 11 800,0 | |